ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№80 (23.738) ● 2018 гъэм мэкъуаугъуэм (июным) и 30, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэм и къулыкъум пэрыуващ Урысейм и ЛІыхъужь Матовников Александр. Абы теухуа зэхуэсым хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий

Пятигорск къалэм щекІуэкІащ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэм и къулыкъум пэрыуващ Урысейм и ЛІыхъужь Белавенцев Олег, федеральнэ округым хыхьэ щыналъэхэм я Іэтащхьэхэр, дин лэжьакІуэхэр, округым и хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я лІыкІуэхэр.

ЗЭІУЩІЭР къыщызэІуихым Белавенцев Олег зэрыжиІамкІэ, иужьрей зэманым властым и федеральнэ, щыналъэ органхэр, хабзэхъумэ Іэнатіэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр зэрызэпыщІар нэрылъагъуу ефІэкІуащ икІи абы и фІыщІэкІэ округым щынагъуэншагъэр щагъэбыдащ, куэдкІэ узыщыгугъын инвестицэ проектхэр ягъэзащІэу щІадзащ, промышленностым и Іэхъущ Іапіэхэр, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, узыншагъэр хъумэныжкІэ Іэнатіэм я Іэхъущ Іапіэщ Іэхэр къызэІуахащ. Кавказ Ищхъэрэм иджы загъэпсэхуну, я узыншагъэр ирагъэфІэкІуэну, ди пасэрей тхыдэм щыгъуазэ защІыну щІыху куэд къокІуэ. «Апхуэдэ екъулІыныгъэхэр дэ дызэщІыгъуу едгъэкІуэкІа лэжьыгъэшхэм къыпэкІуащ икІи дяку дэлъа зэгурыІуэныгъэм, зэдэлэжьэныгъэм, Іуэхум худиІэ къэрал бгъэдыхьэкІэм папщІэ фІыщІэ фхузощІ», - жиІащ Белавенцев Олег.

Абы къыхигъэщхьэхукІащ полномочнэ лІыкІуэу щІэуэ ягъэувар офицер нэсу зэрыщытыр, Урысей Федерацэм и ЛІыхъужь цІэр къызэрыхуагъэфэщар, нэгъуэщІ дамыгъэ куэд къызэрыратар.

Матовников Александр къыщыпсалъэм зэрыжиІамкІэ, ди щыналъэр абы хъарзынэу ецІыху, унафэщІхэм ящыщ куэдым ярыщІауэ щытащ икІи адэкІи абыхэм тэмэму ядэлажьэфыну мэгугъэ. «Дяпэ итахэм пхаша гъуэгум дыззэрытетыным дыхущІэкъунщ, Іуэхур зэрытхузэфІэкІкІэ едгъэфІэкІуэнщ. Дэ ди къалэн нэхъыщІэхэм ящыщщ Урысейм и Президентым иубзыху къэрал кІуэцІ, къэрал щІыб политикэр пхыгъэкІынымкІэ къэув псори гъэзэщІэным Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и къэрал властым и органхэр хуэунэтІныр, щІыхухэм яІэ конституцэ хуитныгъэхэр хъумэныр, псэукІэр егъэфІэкІуэныр», - къыхигъэщхьэхукІащ абы.

ЗэІуцІэр зэфІэкІа нэужь Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий жиІащ Матовников Александр унафэщІ лэжьыгъэм зэрыхуэІэкІуэлъэкІуэр икІи Урысейм и Президентым абы и пщэ кърилъхьа лэжьыгъэ мытынышр тэмэму зэрырихьэкІыфынур.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэм и Аппаратым и пресс-Іуэхущ Іапіэм къитахэм япкъ иткІэ КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэм игъэхьэзыращ.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Псэущхьэхэри я псэм тошыныхь

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щыІэ псэущхьэ щхьэрыуТІыпщхэм я бжыгъэм кІэлъыплъныныр-рэ ар убзыхунымрэ щытепсэлъыхьащ КъБР-м и Парламентым Аграрнэ политикэмкІэ, экологиемкІэ, щІыуэпсыр къэгъэсэбэныныкІэ, щІы Іуэхуэмкіэ и комитетым иригъэкІуэкІа зэІуцІэм.

АБЫ хэтащ КъБР-м и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Іым и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лІыкІуэу КъБР-м и Парламентымрэ суд органхэмрэ щыІэ **ДышэкІ Мадинэ**, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, министерствэхэм, ведомствэхэм, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм, жылагъуэ псапащІэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр.

ЗэІуцІэр къыщызэІуихым спикер Егоровэ Татьянэ къигъэлъэгъащ псэущхьэ щхьэрыуТІыпщхэр щІыналъэ куэдым, абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэрри яхэту, зэрыщыбэгъуар.

- Дауи щыІмтми, къэлъытэн хуейщ псэущхьэхэри езыхэм я псэм зэрытешыныхьыр, абыхэм гущІэгъуншэу уахущыт зэрымыхьунур. Абы къыхэкІыу псэущхьэ хьэулейхэм я бжыгъэр гъэмэщІэныр ахэр зэтеуКІэным хуэбгъакІуэ хъунукъым.

Мы Іуэхур дзгъэкІынымкІэ лъабжьэ тэмэм хъун хуейщ «Псэущхьэхэм жэуаплныныгъэ хэлъу яхущытыным и Іуэхукіэ» федеральнэ законым и проектыр. Къэрал Думым и депутатхэм ар етІуанэ кьеджэгъуэу къыззращтэнум хуагъэхьэзыр. Законопроектым еубзыху псэущхьэхэм я бжыгъэр гъэтэмэмныныкІэ закон лъабжьэхэр, псэущхьэхэр зэрАльгъымрэ ахэр зэрырагъэтхымрэ.

Иджырей къалэхэмрэ къуажэхэмрэ я дежкІэ нэхъ дзгъэкІыгъуейуэ щыт гугъуехьщ хьэ хьэулейхэр зэпымыууэ нэхъыбэ зэрыхъур. Абы эпидемиологие щытыкІэри зэІеГъэхьэ, сыту жыпІэмэ хьэхэм япкърытщ щыхум кьеуэпІэнкІэ хъыну узыфэ хьэлъэхэр, къащІутэмэ, хьэхьэрыІуэ узыр. Апхуэдэу гъэ хьэс нэхъыбэ мэхъу хьэ хьэулейхэр зэдзакъэхэм я бжыгъэр.

КъБР-м и Парламентым Аграрнэ политикэмкІэ, экологиемкІэ, щІыуэпсыр къэгъэсэбэныныкІэ, щІы Іуэхуэмкіэ и комитетым и унафэщІ **Мокаев Кемал** жиІащ мы Іуэхур дзгъэкІыныр зэман кІыхьым тещІыхьауэ, лъэныкъуэ псори къыззыщІыбдзу щытын зэрыкуэйр. Абы папщІэ лэжьыгъэм къыхэшэн хуейщ Іуэхум хэзыщІыкІ Іэщ Іагъэлэлхэр, псэущхьэ зиІэ щІыхухэр. Абы зэІуцІэм хэтахэр къыхуриджащ нехьэкІ-къехьэкІ хэмылъу щхьэж зэрегупсысыр утыку кърилъхьэну.

ЗэІуцІэм доклад щищІащ Щэхуакіуэхэм я хуитныгъэхэм къащхьэщыжныныкІэ щІыхум зэІуэпэщ псэукІэ къыхуэзгъэпэщ Іапіэ ныкІэ Іэнатіэм щыкІэлъыплъныныкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ **Пагуэ Жыраслъэн**. Абы зэрыжиІамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм хьэщхьэрыІуэ узыр куэдрэ къыщохьей икІи ар унагъуэ псэущхьэхэми Іэщми къоуалІэ. Ахэр - хьэхэр, джэдухэр, унагъуэ Іэщымрэ былымхэмрэ - нэхъыбэу къэзыщІалэр бажэхэр, дыгъужьхэр, хьэІуцудзхэр аращ.

2018 гъэм и япэ мазищым кьриубыдэу псэущхьэ зэмылІэужьыгъуэхэмрэ хьэ хьэулейхэмрэ едзэкъауэ республикэм и медицинэ Іуэхущ Іапіэхэм екІуэлІащ щІыху 454-рэ. Абыхэм ящыщу 123-р зи ныбжьыр илъэс 17-м нэмыса сабийхэрщ. Унагъуэ псэущхьэхэр зэдзэкъакъэр щІыху 450-рэ, хьэкІэкхъуэкІэхэр зэдзэкъакъэр щІыхуи 4 мэхъу.

Докладым апхуэдэу къыхэщащ псэущхьэхэм щІыхухэр уз зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ зэрацІалэри. ХэкІыпІэ нэхъыщхьэхэм ящыщу Пагуэ Жыраслъэн кьигъэлъэгъуащ хьэхэр учетым гъэувыныр, хьэ хьэулейхэр къуэбудыныныр ахэр питомникхэр етыныр, хьэхэмрэ джэдухэмрэ унагъуэхэм зэрАІыгъ щыкІэм нэхъ ткІийуэ кІэлъыплъныныр.

Апхуэдэу тхьэусыхафэ куэд щыІэщ унагъуэхэм псэущхьэхэр зэрАІыгъ щыкІэм теухуауэ. Зэкіэ иджыри законым нэгъэсауэ иубзыхуркъым пщІантІэхэмрэ фэтэрхэмрэ щаІыгъ хъуну псэущхьэхэр зыхуэдэмрэ абыхэм я бжыгъэмрэ.

Къыззэхуэсахэм я пащхьэ апхуэдэу къыщыпсэлъащ КъБР-м Ветеринариемкіэ и правленэм и унафэщІ **Іэрэмысэ Аслъэн**. Абы зэрыжиІамкІэ, Цыхуми псэущхьэхэми еуалІэ узыфэхэр и эманым гъэкІуэда хъун папщІэ ветеринархэм республикэм щыІэ щытыкІэм тещІыхьауэ унагъуэ псэущхьэхэм зыхуэфащэ вакцинэхэр и зэманым халхьэ. Дыззрыт илъэсым и пэщІэдзэм ирихьалІэу Къэбэрдей-Балъкъэрым хьэрэ джэдуэ 52153-рэ щыІащ. Абыхэм я узыншагъэм кІэлъоплъ ветеринариемкІэ уней клиникэу establishment. ХьэщхьэрыІуэ узыр къэмыхьеин папщІэ, зэапщтэмэ, нэгъабэ хьэуэ 39319-м, джэдууэ 3798-м вакцинэхэр халхьащ.

Ветеринархэм я лэжьыгъэм нэхъ зэпкрыхауэ тепсэлъыхьащ «Ветеринар медицинэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр центр» кІэзонэ Іуэхущ Іапіэм и унафэщІ **Мэш Эдуард**.

Депутатхэр апхуэдэу едэІуащ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр Іуэхум зэрепльым. Абыхэм я цІэкІэ зэІуцІэм къыщыпсэлъащ псэущхьэхэм къащхьэщжыныныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Долгополая Юлие**, «Сэ узиныбжьэгъущ» псапащІэ фондым и президент **КІуэкІуэ Оксанэ**, а фондым хэт, УФ-м гъуазджэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Эминов Юсуф** сымэ.

А зэгухьэныгъэ псори зэрылажьэр езыхэм зэхалъхьэ ахъшэмкІэщ. А ахъшэр къагъэсэбэпурэ, лей зытехьа псэущхьэ щхьэрыуТІыпщхэр ягъэхъуж, ягъащхэ. Ауэ псэущхьэхэр щаІыгъ Іуэхущ Іапіэхэр къызэрамыгъэпэщмэ, апхуэдэ лэжьакІэм иджыпсту щыІэ щытыкІэр зэрихъэжьыкІыфынукъым.

«Сэ узиныбжьэгъущ» псапащІэ фондым хэтхэм къызэралъытэмкІэ, республикэм къыщызэгъэпэщын хуейщ псэущхьэ сымаджэхэр щагъэхъуж, зыхуей щыкІагъэхэр Іуэхущ Іапіэ.

«Псэущхьэхэри я псэм тошыныхь, щІыхум хуэдэ къабзэу, абыхэми псэуну хуитныгъэ яІэщ», - жиІащ «Сэ узиныбжьэгъущ» псапащІэ фондым и президент КІуэкІуэ Оксанэ икІи псэущхьэ дзхуэхахэм гущІэгъу хуащІыну псори къыхуриджащ.

ЗэІуцІэм къыщащтащ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм яхуэгъэза чэнджэщхэр.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур зэрызэрахьэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 20-нэ статьям, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум щыщхэр муниципальнэ мылъкум зэрызахагъэхьэ, муниципальнэ мылъкум щыщхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум зэрызахагъэхьэ щыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щІ**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур зэрызэрахьэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 20-нэ статьям, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум щыщхэр муниципальнэ мылъкум зэрызахагъэхьэ, муниципальнэ мылъкум щыщхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум зэрызахагъэхьэ щыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын Іэ щІидзын икІи хэІущІыІу ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2018 гъэм накъыгъэм и 24-м
№864-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрагъэкІуэкІ турист лэжьыгъэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щІ**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрагъэкІуэкІ турист лэжьыгъэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын Іэ щІидзын икІи хэІущІыІу ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2018 гъэм накъыгъэм и 24-м
№870-П-П

Мэкъумэш Іэнатіэм адэкІи зегъэужьыным хуэунэтІауэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш Іэнатіэм адэкІи зыщегъэужьын мурадкІэ, фейдэ кьегъэщІыным пымыщІа Іуэхущ Іапіэм - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хьэрычэтыщІэ Іэнатіэр щыдэІыгъыным хуэгъэпса фондым» - и пщэ далъхьащ мэкъумэш кооперацэм и лэжьыгъэр зэгъэуІуным теухуа щІыналъэ центрым и къалэнхэр.

ЦЕНТРЫР щытынущ мэкъумэш кооперацэм зегъэужьыным пыщІа Іуэху псори зэкІуэлІэж Іуэхущ Іапіэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ. Абы и къалэн нэхъыщхьэхэщ кооперативхэм, мэкъумэшыщІэ Іуэхущ Іапіэхэм бизнес-планхэр щыззэхахьэкІэ, технико-экономикэ лъабжьэхэр щаубзыхукІэ, федеральнэ, щІыналъэ бюджетхэм къыхэкІ субсидиехэр къыдахыным хуэгъэпса тхыплъэр щагъэхьэзырКІэ, я Іуэху зэрыдэкІ щыкІэхэм щытепсэлъыхьыну зэІущІэхэр щызэхашэкІэ, хьэрычэт Іуэху мыинымрэ курытымрэ зегъэужьыным зи лэжьыгъэр теухуа Федеральнэ корпорацэм и бизнес Іэмалхэр къэгъэсэбэпыным зыхуагъэсэнымкІэ хъыбарегъащІэ-чэнджэщэгъу дэІэпыкъуныгъэ ятыныр.

Іэщ Іагъэлэлхэм къызэралъытэмкІэ, центрыр щэщІауэ лажьэу зэтраублэмэ, ар сэбэп хъунущ республикэм щылажьэ хьэрычэт Іуэхущ Іапіэ мыинхэмрэ курытхэмрэ я бжыгъэм къыхэхъуэнымкІэ, мэкъумэшхэкІхэм щелэжь кооперативхэр къыщызэгъэпэщыным зи фейдэ хэлъхэр а Іуэхум къыхэшэнымкІэ, хадэхэкІхэр, пхъэщхьэмыщхьэхэр, гъавэхэкІхэр гъэхьэзырыным, щэным, абыхэм елэжьыным, хъумэным теухуауэ къэув къалэнхэр нэсу гъэзэщІэнымкІэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ зэманыр къызыхуэтынщэу къызэгъэпэщыным мы лъэхъэнэм гулъытэшхуэ хуэзыщІэным ящыщщ Тэрч щІыналъэр.

УЗЫНШАГЪЭР щрагъэфІакІуэу Тэрч щІыналъэм щыІэ «Налмэс» лагерым мэкъуауэгъуэм и 20-м лэжьэн щІидзауэ сабии 150-м щІигъуэ зыщагъэпсэху. Абыхэм я нэхъыбапІэр бынунагъуэшхуэхэм кьахэкІащ.

ЗыгъэпсэхупІэм и унафэщІ Мэрзей Бесльэн зэрыжиІамкІэ, сабийхэм драгъэкІуэкІыну лэжьыгъэхэр къыщыгъэлъэгъуа план хэхахэр яІэщ. Абы къызэщІеубыдэ цІыкІухэм я нэгу зегъэужьынри, я къэухьым, зэхэщІыкІым хэгъэхъуэнри, эстетикэ, хэкупсэ гупсысэхэм хуэущиинри. НыбжьыщІэхэм драгъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм ящыщщ гъуэгум шынагъуэншэу тетыным, мафІэс къэмыгъэхъуным, хьэл мыхъумыщІэхэм ахэр щыхъумэным ехьэлІа псалъэмакъэр ядегъэкІуэкІыныр.

Щэнхабзэм, гъуазджэм сабийхэр дегъэхьэхьынми щелІэлІэнущ лагерхэм. КъызэгъэпэщакІуэхэр мэгугъэ лагерым щекІуэкІ концертхэм, зэпеуэхэм цІыкІухэр жыджэру хэтыну.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ

Я узыншагъэр щрагъэфІакІуэ

Бахъсэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр Балъкъыз Артур игъэзэщІэнущ

Бахъсэн муниципальнэ районым щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжкІэ и советым дыгъуасэ иригъэкІуэкІа сессием район администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр игъэзэщІэну и пщэ щыдалъхьащ Налогхэмкіэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и къудамэм и унафэщІу лажьэу щыта Балъкъыз Артур Хьэчим и къуэм.

Район администрацэм и Іэтащхьэу щыта Къэнэмэт Рустам Юрислъэн и къуэм а къалэнхэр щхьэщахащ нэгъуэщІ лэжьапІэ зэрыкІуэм къыхэкІыу.

Балъкъыз А. Хь. КъБАССР-м и Бахъсэн районым хыхьэ Къуэзбрун Ещанэ къуажэм 1969 гъэм къыщалъхуащ. «Экономикэ» Іэщ Іагъэмкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиухащ.

Бахъсэн районым щыІэ къэрал налог инспекцэм и къэрал налог инспектор нэхъыжьу 1992 гъэм лэжьэн щІидзащ. 1998 гъэм Бахъсэн районым и къэрал налог инспекцэм и унафэщІым и къуэдзэу ягъэуващ. 2013 гъэ лъандэрэ Урысейм Налогхэмкіэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм камеральнэ къэпщытэныгъэмкІэ и къудамэм и унафэщІщ.

Урысей Федерацэм къэрал граждан къулыкъумкІэ япэ класс зиІэ и чэнджэщэгъущ.

Унагъуэщ, бынитІ иІэщ.

Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Псэущхьэхэри я псэм тошыныхь

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щыІэ псэущхьэ щхьэрыуТІыпщхэм я бжыгъэм кІэлъыплъныныр-рэ ар убзыхунымрэ щытепсэлъыхьащ КъБР-м и Парламентым Аграрнэ политикэмкІэ, экологиемкІэ, щІыуэпсыр къэгъэсэбэныныкІэ, щІы Іуэхуэмкіэ и комитетым иригъэкІуэкІа зэІуцІэм.

АБЫ хэтащ КъБР-м и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лІыкІуэу КъБР-м и Парламентымрэ суд органхэмрэ щыІэ **ДышэкІ Мадинэ**, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, министерствэхэм, ведомствэхэм, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм, жылагъуэ псапащІэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр.

ЗэІуцІэр къыщызэІуихым спикер Егоровэ Татьянэ къигъэлъэгъащ псэущхьэ щхьэрыуТІыпщхэр щІыналъэ куэдым, абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэрри яхэту, зэрыщыбэгъуар.

- Дауи щыІмтми, къэлъытэн хуейщ псэущхьэхэри езыхэм я псэм зэрытешыныхьыр, абыхэм гущІэгъуншэу уахущыт зэрымыхьунур. Абы къыхэкІыу псэущхьэ хьэулейхэм я бжыгъэр гъэмэщІэныр ахэр зэтеуКІэным хуэбгъакІуэ хъунукъым.

Мы Іуэхур дзгъэкІынымкІэ лъабжьэ тэмэм хъун хуейщ «Псэущхьэхэм жэуаплныныгъэ хэлъу яхущытыным и Іуэхукіэ» федеральнэ законым и проектыр. Къэрал Думым и депутатхэм ар етІуанэ кьеджэгъуэу къыззращтэнум хуагъэхьэзыр. Законопроектым еубзыху псэущхьэхэм я бжыгъэр гъэтэмэмныныкІэ закон лъабжьэхэр, псэущхьэхэр зэрАльгъымрэ ахэр зэрырагъэтхымрэ.

Иджырей къалэхэмрэ къуажэхэмрэ я дежкІэ нэхъ дзгъэкІыгъуейуэ щыт гугъуехьщ хьэ хьэулейхэр зэпымыууэ нэхъыбэ зэрыхъур. Абы эпидемиологие щытыкІэри зэІеГъэхьэ, сыту жыпІэмэ хьэхэм япкърытщ щыхум кьеуэпІэнкІэ хъыну узыфэ хьэлъэхэр, къащІутэмэ, хьэхьэрыІуэ узыр. Апхуэдэу гъэ хьэс нэхъыбэ мэхъу хьэ хьэулейхэр зэдзакъэхэм я бжыгъэр.

КъБР-м и Парламентым Аграрнэ политикэмкІэ, экологиемкІэ, щІыуэпсыр къэгъэсэбэныныкІэ, щІы Іуэхуэмкіэ и комитетым и унафэщІ **Мокаев Кемал** жиІащ мы Іуэхур дзгъэкІыныр зэман кІыхьым тещІыхьауэ, лъэныкъуэ псори къыззыщІыбдзу щытын зэрыкуэйр. Абы папщІэ лэжьыгъэм къыхэшэн хуейщ Іуэхум хэзыщІыкІ Іэщ Іагъэлэлхэр, псэущхьэ зиІэ щІыхухэр. Абы зэІуцІэм хэтахэр къыхуриджащ нехьэкІ-къехьэкІ хэмылъу щхьэж зэрегупсысыр утыку кърилъхьэну.

ЗэІуцІэм доклад щищІащ Щэхуакіуэхэм я хуитныгъэхэм къащхьэщыжныныкІэ щІыхум зэІуэпэщ псэукІэ къыхуэзгъэпэщ Іапіэ ныкІэ Іэнатіэм щыкІэлъыплъныныкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ **Пагуэ Жыраслъэн**. Абы зэрыжиІамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм хьэщхьэрыІуэ узыр куэдрэ къыщохьей икІи ар унагъуэ псэущхьэхэми Іэщми къоуалІэ. Ахэр - хьэхэр, джэдухэр, унагъуэ Іэщымрэ былымхэмрэ - нэхъыбэу къэзыщІалэр бажэхэр, дыгъужьхэр, хьэІуцудзхэр аращ.

2018 гъэм и япэ мазищым кьриубыдэу псэущхьэ зэмылІэужьыгъуэхэмрэ хьэ хьэулейхэмрэ едзэкъауэ республикэм и медицинэ Іуэхущ Іапіэхэм екІуэлІащ щІыху 454-рэ. Абыхэм ящыщу 123-р зи ныбжьыр илъэс 17-м нэмыса сабийхэрщ. Унагъуэ псэущхьэхэр зэдзэкъакъэр щІыху 450-рэ, хьэкІэкхъуэкІэхэр зэдзэкъакъэр щІыхуи 4 мэхъу.

Докладым апхуэдэу къыхэщащ псэущхьэхэм щІыхухэр уз зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ зэрацІалэри. ХэкІыпІэ нэхъыщхьэхэм ящыщу Пагуэ Жыраслъэн кьигъэлъэгъуащ хьэхэр учетым гъэувыныр, хьэ хьэулейхэр къуэбудыныныр ахэр питомникхэр етыныр, хьэхэмрэ джэдухэмрэ унагъуэхэм зэрАІыгъ щыкІэм нэхъ ткІийуэ кІэлъыплъныныр.

Апхуэдэу тхьэусыхафэ куэд щыІэщ унагъуэхэм псэущхьэхэр зэрАІыгъ щыкІэм теухуауэ. Зэкіэ иджыри законым нэгъэсауэ иубзыхуркъым пщІантІэхэмрэ фэтэрхэмрэ щаІыгъ хъуну псэущхьэхэр зыхуэдэмрэ абыхэм я бжыгъэмрэ.

Къыззэхуэсахэм я пащхьэ апхуэдэу къыщыпсэлъащ КъБР-м Ветеринариемкіэ и правленэм и унафэщІ **Іэрэмысэ Аслъэн**. Абы зэрыжиІамкІэ, Цыхуми псэущхьэхэми еуалІэ узыфэхэр и эманым гъэкІуэда хъун папщІэ ветеринархэм республикэм щыІэ щытыкІэм тещІыхьауэ унагъуэ псэущхьэхэм зыхуэфащэ вакцинэхэр и зэманым халхьэ. Дыззрыт илъэсым и пэщІэдзэм ирихьалІэу Къэбэрдей-Балъкъэрым хьэрэ джэдуэ 52153-рэ щыІащ. Абыхэм я узыншагъэм кІэлъоплъ ветеринариемкІэ уней клиникэу establishment. ХьэщхьэрыІуэ узыр къэмыхьеин папщІэ, зэапщтэмэ, нэгъабэ хьэуэ 39319-м, джэдууэ 3798-м вакцинхэр халхьащ.

Ветеринархэм я лэжьыгъэм нэхъ зэпкрыхауэ тепсэлъыхьащ «Ветеринар медицинэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр центр» кІэзонэ Іуэхущ Іапіэм и унафэщІ **Мэш Эдуард**.

Депутатхэр апхуэдэу едэІуащ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр Іуэхум зэрепльым. Абыхэм я цІэкІэ зэІуцІэм къыщыпсэлъащ псэущхьэхэм къащхьэщжыныныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Долгополая Юлие**, «Сэ узиныбжьэгъущ» псапащІэ фондым и президент **КІуэкІуэ Оксанэ**, а фондым хэт, УФ-м гъуазджэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Эминов Юсуф** сымэ.

А зэгухьэныгъэ псори зэрылажьэр езыхэм зэхалъхьэ ахъшэмкІэщ. А ахъшэр къагъэсэбэпурэ, лей зытехьа псэущхьэ щхьэрыуТІыпщхэр ягъэхъуж, ягъащхэ. Ауэ псэущхьэхэр щаІыгъ Іуэхущ Іапіэхэр къызэрамыгъэпэщмэ, апхуэдэ лэжьакІэм иджыпсту щыІэ щытыкІэр зэрихъэжьыкІыфынукъым.

«Сэ узиныбжьэгъущ» псапащІэ фондым хэтхэм къызэралъытэмкІэ, республикэм къыщызэгъэпэщын хуейщ псэущхьэ сымаджэхэр щагъэхъуж, зыхуей щыкІагъэхэр Іуэхущ Іапіэ.

«Псэущхьэхэри я псэм тошыныхь, щІыхум хуэдэ къабзэу, абыхэми псэуну хуитныгъэ яІэщ», - жиІащ «Сэ узиныбжьэгъущ» псапащІэ фондым и президент КІуэкІуэ Оксанэ икІи псэущхьэ дзхуэхахэм гущІэгъу хуащІыну псори къыхуриджащ.

ЗэІуцІэм къыщащтащ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм яхуэгъэза чэнджэщхэр.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм ящІэн папщІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым зи чэзу зэІущІэ 2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 3-м екІуэкІынущ.

ЗэІуцІэм щыщІидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

ПОЧТА РОССИИ

«Адыгэ псалъэ» газетыр къезыгъэхьхэм гу зылъатапхъэ

Щхьэусыгъуэ пыухыкІахэм къыхэкІыу 2018 гъэм къызэрихьэрэ «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ Іуэхущ Іапіэм «Адыгэ псалъэ» газетыр тхьэмахуэ зэхуакум щ фІэкІа къыдигъэкІыжыркъым.

Абы къыхэкІыу газетыр зыхуэкІуэхэм къыдэмыкІа номерхэм ятехуэу уасэр пощт Іуэхущ Іапіэм къыщыІахьж хъунущ. Абы папщІэ дэтхэнэми газетым Іэ зэрытридзамкІэ абонементыр иІыгъын хуейщ.

Фызэрызэблэдгъэуам папщІэ къытхуэвгъэгъуну дынывольэІу.

● КЪБР-м и Парламентым

Сабий псори еджэфын папщIэ

КЪБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэ политикэкмкlэ и комитетым иджыблагъэ иригъэкlуэкlа зэлущlэм щытепсэлъыхьащ зи узыншагъэм сэкъат иlэ сабийхэр зэрырагъаджэр егъэфlэкlуэным теухуауэ щыlэ Iэмалхэм.

АБы хэтащ КЪБР-м Цlыхухэр егъэджэныкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэм я Iэхъуэмкlэ и министерствэм, психологхэр, дохутырхэр, егъэджакlуэхэр зыхэт республикэ комиссэм я лыкlуэхэр, 2017 гъэм «Урысейм и инклюзивнэ школ нэхъыфI» зэпеуэм и щыналъэ Iыхьэм щытекlуа, республикэм и курыт еджапIэхэм я унафэщlхэр, КЪБР-м и Щlалэгъуалэ палатэм хэтхэр.

КЪБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэ политикэмкlэ и комитетым и унафэщI **Азычэ Светланэ** зэIущlэр къыщыдзыIуихьи жиlащ: «Зи узыншагъэм сэкъат иlэ сабийжэм щlэныгъэ зрагъэгъуэтыным лъэпощхьэпо зыри хухэхъун хуейкъым. Абыхэми адрейхэм яlэ хуитыныгъэхэм хуэдэ етыпхъэщ. Арщхьакlэ мы Iэхъуэм и мыхьэнэр ди курыт еджапIэхэм щылажьэхэм нэсу къагурыIуауэ пхужыIэнукъым. Сыхуейт нобэ гугъуехьхэр къызыхэкlым дытепсэлъыхьыну, зэкlыпIэхэм зэгъуэгу дегупсысыну».

КЪБР-м цIыхухэр егъэджэныкмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэм я Iэхъуэмкlэ и министрым и къуэдзэ **ШэнтIыкъу Иринэ** къыхиригъащ зи узыншагъэм сэкъат иlэхэм ящыщу егъэджэныгъэ Iэхъутхьэбзэмкlэ республикэм щыпсэу ныбжьыщlэ мини 2-рэ 964-рэ къызэрызэщlаубыдэр. Абыхэм ящыщу 1772-р сабий ныкъуэдакъуэщ.

Мыгъэрей еджэгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и курыт школхэм епхауэ коррекцэ класси 155-рэ, еджакlуэ 538-рэ щlэсу, мэлажьэ, зи узыншагъэм сэкъат иlэ сабий 589-рэ унэхэм щрагъаджэ (99-р дистанционнэу).

Къэбэрдей-Балъкъэрым зи узыншагъэм сэкъат иlэхэм папщIэ Iузыкlащlэ хэхаущ 3 щlыIэщ, щрагъаджэ интернату 1 мэлажьэ. Курыт еджапIэхэм щылажьэ психологхэмрэ егъэджакlуэхэмрэ 442-рэ мэхъу.

Къэпсэлъам къызэрыкlыгъащамкlэ, егъэджэныгъэ Iэнатlэ Iутхэм я щlэныгъэм хэгъэхъуэныр къызэрегъэпэщ «Зыужьныныгъэмкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр центр» къэрал Iуэхущlапlэм. Зи узыншагъэм сэкъат иlэхэм зэрадзлажьэну щыкlэм теухуауэ иужьрей гъэ еджэгъуэм дерсхэр драгъэкlуэкlащ лэжьакlуэ мини 3-м щыгъум.

«Доступная среда» къэрал программэм егъэджэныгъэ Iуэхущlапlэ 66-рэ хэтащ: курыт еджапIэ 57-рэ, зи ныбжьыр школ кlуэгъуэм нэмысаехэм я Iуэхущlапlэу 4, курыт щlэныгъэ щрату 3, сабийхэм щlэныгъэ гуэдзэн щагъуэту 2.

ШэнтIыкъу Иринэ жиlащ я зыужьныныгъэкlэ зэхуэмыдэу къэхъу сабийхэр гъэсэн, гъащlэм хэгъэзэгъэн и Iэныкъуэкlэ психологхэр, дохутырхэр, егъэджакlуэхэр зыхэт республикэ центрым мыхьэнэшхуэ зэриГъэзащlэр, абы и нэIэ зытригъэт сабийхэм я бжыгъэм гъэ къэс зэрыхиГъахъуэр. Къэбгъэльагъуэмэ, 2013 гъэм сабий 2069-м ар якlэлыплъамэ, 2017 гъэм абыхэм я бжыгъэр мини 3-рэ 893-м нэсащ.

Iуэхущlапlэм епхауэ Iэнатlэ зыбжанэ мэлажьэ: психологхэмрэ егъэджакlуэхэмрэ я дэIэпыкlуныгъэ щагъуэт Iуэхущlапlэ, егъэджэныгъэм ныкъыкlрыху, зи ныбжьыр илъэси 7-м къыщыщlэдзауэ 11-м нэс хъуэхм щадэлажьэ къудамэ щхьэхуэ, нэгъуэщlхэри.

Щlэныгъэ лей щрат Iуэхущlапlэхэм щрагъаджэ зи узыншагъэм сэкъат иlэ, сабий ныкъуэдакъуэу 378-рэ. «Урысейм и инклюзивнэ школ нэхъыфI» зэпеуэм и щыналъэ Iыхьэр 2016 гъэм щегъэжьауэ ирагъэкlуэкlри, иужьрей илъэситlым къуриубыдэу республикэм и курыт еджапIэ 23-рэ абы хэтащ.

Психологхэр, дохутырхэр, егъэджакlуэхэр зыхэт республикэ комиссэм и унафэщI **Къармэ Инессэ** зэIущlэм щытепсэлъыхьащ я лэжьыгъэр къызэрызэрагъэпэщымрэ зыхуагъэувыжь къалэнхэмрэ. Абы къызэрыкlигъащамкlэ, адэ-анэхэмрэ сабийхэмрэ зэгъуэгу зэрадзлажьэм екъулIэныгъэ къыдокlуэ.

ЗэIущlэм хэтхэм жаIащ апхуэдэ комиссэхэр муниципальнэ щlыналъэхэми къыщызэгъэпэщын зэрыхуейр, я зэнушагъэм емылытагъуэ, сабий псори ирагъэджэфын хуэдэу.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущlапlэ.

● Урысейм и Щlалэгъуалэм я махуэм

Дунейгъэдахэхэр

«КЪБР-м и щlалэгъуалэр» зыфlаща республикэ фестивалыр дахэу, щlэщыгъуэу, нэгуэныжьу Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуаплэм и гупэм къит утыкум щекlуэкlащ. КЪБКъУ-м и лэжьакlуэхэр, творческэ гупхэр, студентхэр уэру зыхэта зэIущlэр ирагъэхъэлIат Урысейм и Щlалэгъуалэм я махуэр щагъэлъапIэ мэкъуауэгъуэм и 27-м.

КЪБР-м цIыхухэр егъэджэныкмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэм я Iэхъуэмкlэ и министрым и къуэдзэ **Къэжэр Артур** фестивалым хэтхэм ехъуэхъуащ, урысейпсо, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм Къэбэрдей-Балъкъарым щыщ ныбжьыщlэхэр куэдрэ зэрыхьыхьэр, увыпIэкlэр къызэрыщахьыр и гуапэ зэрыхъури къыхихъащащ. «Фи хъуэпсапIэхэм зэи фащымышынэ, зыхуэзгъэувыж мурадми ерыщу фыхуэкlуэ. Дэ ахэр зэвгъэхъупIэфыныкмкlэ тлъэкl къэдгъэнэнкъым, вдэтIыгъынщ, дывдэIэпыкlунщ», - жиlащ Къэжэрым.

Щlалэгъуалэм я махуэр зэрагъэлъапIэм, Урысей Федерацэм и щlалэгъуалэ политикэм зегъэужьным хэлъхьэныгъэ зэрыхуащlам папщIэ, апхуэдэуи я лэжьыгъэ Iэнатlэм щаIэ екъулIэныгъэхэм щхьэкlэ УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министерствэм щlалэгъуалэ Iэхъуэмкlэ и Федеральнэ агентствэм къыбгъэдэкl фIыщlэ тхыльхэр хуагъэфэщащ республикэм и щlалэгъуалэ Iуэхущlапlэу 6-м я унафэщlхэм.

Апхуэдэуи ди республикэм цIыхухэр егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэм я Iэхъуэмкlэ и министерствэм, КЪБР-м щыIэ МВД-м я фIыщlэ тхыльхэри ирагъащ зи лэжьыгъэм хуэIэижь цIыхуу щхьэхуэхэм.

Фестивалыр Iуэхущlэу зэмылIэужьыгъуэу 9 хьурти («Кросс-фит», «Щlалэгъуалэр афиныем и бийщ», «Тхыльыр фIыуэ зыпIэгъуэхэм я зэгуэхьэнгъэ», «Творческэ лъэщапIэ», «Игротека», «Утыку зэIуха», нэгъуэщlхэри), гупыж зыщl дэтхэнэ зыми фIэгъэщlэгъуэн Iэщlагъэм и щхэхуэхэм зыщирЗэгъуаззэ хъунут, джэгуну хуейхэми я тутыкур уэнут, Iэпщlэлъапщlагъэ гуэркlэ зэчий зыбгъэдэлъми и зэфIэкlыр игъэлъэгуэфынут. Псом хуэмыдэу щlалэгъуалэр щlэпэкlыут джэгуркlэ зэмылIэужьыгъуэхэм хухаха утыкум.

Зи гугъу тщIа Iуэхущхэмкlэ зи зэфIэкI зыгъэлъагъуэхэми, фестивалым кхырихьэлIа хьэщlэхэми я нэгу зрагъэужьащ республикэм и творческэ гупхэмрэ «Урысейм и студент гъатхэ-2018»-м хэта ныбжьыщlэхэмрэ ягъэхъэзыра концертымкlэ.

Фестивалыр кьыззэзыгъэпэщахэм фIыщlэ яхуэщlыпхъащ ягу иралъхьа Iуэху дахэр пыллъхьан щымыIэу хьаззрехъуплам папщIэ. Къызэщlиубыдэ Iуэхущхэмкlи Iэгъэлъагъуэ Iуэхущхэмкlэ и Федеральнэ агентствэм къыбгъэдэкl фIыщlэ тхыльхэр хуагъэфэщащ республикэм и щlалэгъуалэ Iуэхущlапlэу 6-м я унафэщlхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и пресс-Iуэхущlапlэ.

Хьэжыкъарэ Алик Алий и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и журналистикэм хэщIыныгъэ хьэлъэ иГуэтащ. Псэужьхъым псоми фIыуэ тлъагъуу щыта цIыхур, ди ныбжьэгъу гуамащlэр, ди лэжьэгъу гуащIафIэр. И ныбжьыр илъэс 63-нэм хихьауэ дунейм ехьжащ «Адыгэ псалъэ» газетым къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкlэ и къудамэм и редактор Хьэжыкъарэ Алик Алий и къуэр.

Ар Аруан районым хыхьэ Аруан къуажэм 1956 гъэм щIышылэм и 9-м къыщалъхуащ. ЯпэщIыкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр культурэмкlэ щlэныгъэ щыщlэжащ. Арщхьэкlэ къызыхуигъэщlар журналист лэжьыгъэти, КЪБКъУ-м и филологие факультетым и къудамэр къыуха иужь, КъБАССР-м Телевиденэмрэ радиовещанэмкlэ и къэрал комитетым лэжьэн щыщIидзащ. Корреспондент Iэнатlэр илъэс зыбжанэкlэ хьэлэлу ирихьэкlри, 1984 гъэм къыщыщlэдзауэ 1990 гъэр къэсыху радиом и редактор нэхъыжьу щытащ. Адэкlэ, 2006 гъэ пщIондэ, «Къэббалъкъэтлерадиокомпаниием» адыгэбзэмкlэ и редакцэ нэхъыщхьэм хъыбарыщlэхэмкlэ и къудамэм и унафэщlащ.

Иужькlэ и лэжьыгъэр ихъэжащ: 2006 гъэм къыщыщlадзауэ псэукlэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэ» къэрал кlэзонэ Iуэхущlапlэм япэщlыкlэ и корреспонденту, иужькlэ къудамэм и унафэщlу щылажьащ.

«Хьэжыкъарэ Алик Алий и къуэр лэжьакlуэфIу щытащ» жыIэныр зыри жумыIэхэа хуэдэщ. Ар япэ щыкlэ радиомэ, иужькlэ газетми я лэжьыгъэм увыпIэшхуэ щызыубыд Iэщlагъэлlу щытащ. Нэхъыщхьэращи, ар сыт щыгъуи пэрытащ къэралымрэ жылагъуэмрэ я дежкlэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиlэ Iэнатlэхэм. Пщlэрэ щlыхьрэ пылъу сыт щыгъуи и къалэнхэр игъэзэщlащ.

Алик гъащIэм и унэтIныныгъэ зэмылIэужьыгъэхэм куууэ кlуэцIыплъыфIэ щlыхут. Абы сыт щыгъуи къиЗтырт ди псэуныгъэ-щыIэкlэм егъэщlылIа Iуэхущхэхэр. КъиIэт къудейтэкъым, атlэ дигъэгупсысэу, уеблэмэ, ягъныныкъуэхэм деж ди гум къишхыдыкlыу ди пащхьэ кърилъхьарт. Абы и тхыгъэхэр сыт и лъэныкъуэкlи зэпэшэчат, езым псалъэ тарэфарэхэм, купщIэншэхэм защидзейрт. Арат къиIэт Iуэхухэр гъэхуауэ кlи купщIафIэу къыщIиуэтэфыр.

Иужь илъэсхэм Хьэжыкъарэр зи Iэтащхьэу щыта къудамэр «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм щынэхъ гугъуэхэм ящыщщ. Ар къызыхэкlри гурыIуэгъуэщ: промышленностымрэ мэкъумэш хозяйствэмрэ ди гъащIэм щаIыгъ увыпIэр зыхуэдизыр икlи ар гъунапкъэншэу зэрыиныр дэ псоми дощIэ. УзыльэIэсын, къэбгъэлъэгъуэн, цIыхухэр зыщыбгъэгъуэзэн хуейкэр куэд мэхъу. А псори зэщIигъэуIуэфырт нобэ къытхэмытыж ди лэжьэгъуэм.

Хьэжыкъарэ Алик хужьитIэ псори ныкъуэ зэхунущ, абы хэлъа цIыхугъэшхуэм и гугъу дымыщIмэ. Ар сыт щыгъуи и лэжьэгъу нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми зыхащlащ. Хьэжыкъарэм хуэдэу цIыхур зыхэха гугъуехьхэр, абы и гурыгъу-гурыщIэхэр куууэ зэхэзыщIыкI нэгъуэщI къэгъуэтыгъуейт. Езыр сыт щыгъуи ехъэбрт зыкъыхуэзыгъазэ дзэпыкъуну. Зэмани еблэжьнутэкъым, нэгъуэщIи щхьэусыгъуэ ищIынутэкъым. Псом хуэмыдэу и гулыытэр яхуэгъэзат лэжьапIэм щIэуэ къэувахэм. Абыхэм Алик и деж щагъуэтырт унэтIакlуэ икlи ущиякlуэ Iэзэ.

И лэжьэгъуэхэм нэгъуэщIми гу лъыттэрт: Хьэжыкъарэм зэпымыууэ и Iэпэгъуэт псалъалъэ зэмылIэужьыгъуэхэр, абы зэхуэхьэсауэ иIэт зэман зыбжанэ ипэкlэ къыдэкlа газетхэр. Арати, къалъыкlыгъэкlа упщIэм и жэуапыр абы и деж тыншу щагъуэтырт.

- Езыри сыт щыгъуи бгъэутырт: пщэджьжьым жьыуэ редакцэм къакlуэрти, жащ хьуху лажьэрт, тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэригъэзахуэу. Щхьэтечу жьпIэмэ, сыт и лъэныкъуэкlи редакцэр зыхуэныкъуэ цIыхут.

Хьэжыкъарэм унагъуэ хъарзыни иIэт. И щхьэгъусэ Риммэ хуабжьу цIыху гуапэщ, ипхъу закъуэ Альбинэ унагъуэ хъарзынэ хэхущ, и пхъурылъхухэр къызэщIэрыуащ. Мис апхуэдэу лэжьыгъэкlи, унагъуэкlи, ныбжьыгъуэгъэкlи гъащIэм хэзагъэ цIыхур уз бзаджэм тIэщIихащ, зэрыжаIэщи, и псэугъуэу, я дахэгъуэу. Дэ абы и фэеплъыр зэи тщыгъупщэнукъым.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм и лэжьакlуэхэр.

Анэ, анэшхуэ насыпыфIэ

ФIыуэ ялъагъу, пщIэ зыхуащI анэ гуапэ, анэшхуэ гумащIэ Щхьэщэмыщl Сафа бадзэуэгъуэм и 1-м илъэс 89-рэ ирокъу.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ хыхьэ Лэскан Етlуанэ кlуажэм 1929 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м Къумыкъуэх я унагъуэ къызэрыгуэкlым къихъуащ Сафа. Щэнхабзэ лъагэ зыхэлъ адэ-анэм я бынхэри аращ зыщIапIыкlар. Зэдэлъхуэзэшыпхъэхэм я сабиигъуэр щхъуэкlэлпIыкlэ, гукъинэжь хъуащ.

И ныбжьыр илъэс 21-рэ щрикъум, ар Хьэтуей къуажэм щыщ Щхьэщэмыщl Хьэжьысмел щхьэгъусэ хуэхъуащ. Пщащэ нэмысифIэ, гуапэ, шыIэныгъэ зыхэлъ, дэIэпыкъуэгъу хъуну хьэзыр къызэрихъуэ унагъуэр насыпыфIэ.

И унагъуэм теубГуауэ Сафа псэуащ. Абы унагъуэм илъ Iуэху псори фIы дыдэу зэфIигъэхьэрт. Унэгуащэм и бынхэр зэрыщlыкlурэ Iуэху щIэным къыщIигъэтэджыкlащ. Сафарэ Хьэжьысмелрэ зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу илъэс 65-кlэ зэдэпсэуащ. Абыхэм я дыщэ, налкъут хьэгъуэлIыгъуэхэр Iэтауэ ягъэльэпIащ. Зэщхьэгъусэхэм я бынхэр иджыпсту адэшхуэ-анэшхуэ хъужауэ пщIэ зиIэ цIыхухэщ. Абыхэм зэрыжаIэмкlэ, пщIэрэ лъагъуныгъэрэ зи лъабжьэ унагъуэ насыпыфIэ, быдэ, узыншэ зэрыбухуэнум и щапхъэгъэпэгъуэщ я адэ-анэр. Ахэр къызэрызэдэгъэзагъуркlуа илъэс бжыгъэр абы и щыхьэтщ. Сафарэ Хьэжьысмелрэ я бынхэм щIалищрэ хъыджэбзищрэ щIэблэ 54-рэ къащIэхъуащ.

- Сафарэ Хьэжьысмелрэ я къэкlуэкlыкlар щIэблэм зэIэпытхъу дыкъэгъуэгурыкlуэнущ. Куэдрэ зыгъэрхэр щIэтIощIэхуж къэхъуми, унагъуэм теухуауэ къаIуэтэж хъыбархэм щIэблэм дежкlэ мыхьэнэшхуэ яIэщ. А гукъэкlыжхэм хэуухэнащ нэхъыжьхэм я фэеплъыр, дыкъызытехьукlахэм теухуа упщIэхэм я жэуапхэр. Ар ди гъащIэ гъэзугр зэрыддухуэ гуаззщ, - жеIэ Сафарэ Хьэжьысмелрэ я пхъурылъху нэхъыжь Залинэ.

- Ди анэшхуэр ди хуэдизкlэ Iущщи, ди къаралымрэ республикэмрэ я тхьдэм, тхьылъхэм къадэкlуэу, абы къиIуэтэжхэмкlи захьдогъэгъуазэ, - жеIэ и пхъурылъху Иннэ.

Щхьэщэмыщlхэ я нысэхэу Ритэ, Ларисэ, Оксанэ сымэ зэрыжаIэмкlэ, Сафа хьэл-щэн дахэ куэд дальэгъу, цIыху губзыгъщ, гуапэщ.

Сафа и бынхэу Мухьэмэд, Ирэ, Мухьэдин, Изэ, Заур, Заремэ сымэ цIыху гъэсауэ, гуапэу, захуэу, зыхэрэмыгъэншэу, дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэм зыщIагъакъуэу, лэжьыгъэм зыщамыдзэкlуэ, я Iуэхущlафэхэмкlэ жэуаплъныгъэ яхьу, жьыхьжьхэм пщIэ хуащIу къогъуэгурыкlуэ.

- Ди анэм пщIэм, лъагъуныгъэм, зэгурыIуэм дыщIипIыкlащ. Анэкъилъхуэхэр зым и ехъуIэныгъэм адрейр дыщыгуфIыкlыу, хуей щыхъукlэ, дызэдэIэпыкъуу дыкъиГъэхъуащ. Ди анэм дызыщIигъэджыкlам дытету унагъуэр тлъитэн икlи ар гъащIэм щынэхъ лъапIэу зэрыщытыр зэхэтщlыкlи, ди Iыхьлыкъэм дахуэгуэпэн хуейщ, - жаIэ Сафра и бынхэм.

Щхьэщэмыщl Сафра лэжьыгъэм и ветеранщ. Ар и къуэр нэхъыжьымрэ абы и унагъуэмрэ я гъусэу мэпсэу. Тхылъ куэд еджэ бзылъхугъэ Iущым гъэщIэгъуэн Iэджэ къыбжиIэфынущ. И ныбжьыр емылытагъэ, ар иджыри жыджрщ. И щIэблэр анэм, анэшхуэм хуэарэзыщ икlи йохъуэхъу зышнагъэ быдэ иIэну, гуфIэгъуэкlэ гъэнщIа гъащIэ кlыхь къигъэщIэну.

БЖЬЫХЬЭЛI Роззэ.

Мы махуэхэм

Мэкъуауэгъуэм и 30, *щlэбэт*

♦УФ-м Юстицэмкlэ и министерствэм и уголовнэ-гъэзэщlакlуэ Iуэхущlапlэхэм я хъумакlуэ Iэнатlэм и лэжьакlуэм и махуэщ

♦Белоруссием щагъэлъапIэ экономистым и махуэр

♦1845 гъэм урысей пащтыхь Николай Езанэм унафэ къыдигъэкlащ Новороссийск кхъухь тедзапIэ щыщIыным теухуауэ.

♦1868 гъэм Самарканд Урысей империем хагъэхьащ.

♦1894 гъэм къызэIуахащ Лондон и Тауэр-бридж лъэмыж цIэрыIуэр.

♦1894 гъэм Кореер Китайм къыгуэкIри, къэрал цIыхьэхуит хъуащ.

♦1908 гъэм Тунгус метеоритыр ЩIым къытехауэ къагъуэтащ.

1908 гъэм Бахъсэн, Дзэлыкъуэ мэкъумэшыщlэхэм зыкъыIэтащ.

♦1920 гъэм Союзпсо тхьилъ палатэр къызэрагъэпэщащ. Иджыпсту ар Урысей тхьилъ палатэрщ.

♦1936 гъэм къыдекlащ США-м щыщ тхакlуэ Митчелл Маргарет и «Унесённые ветром» романыр. Ар дунейм щынэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм хабжэ тхыгъэ хъуащ, къэрал куэдым къыщыдагъэкlащ, бзэ 37-кlэ зэрадзэкри. А романым папщIэ Митчелл хуагъэфэщащ Пулитцер и цIэр зезыхъэ саугъэтыр. 1939 гъэм а тхылъым режиссёр Флеминг Виктор къытрищlыкlа фильмым «Оскар» саугъэту 8 къихьащ.

♦1944 гъэм СССР-м медицинэ щlэныгъэхэмкlэ и академиер къызэрагъэпэщащ. 1992 гъэм ар Урысейм медицинэ щlэныгъэхэмкlэ и академиеу зэрахъуэкlащ.

♦1945 гъэм СССР-м къыщыдахьжащ Iэнатlэ пэрыт цIыхум илъэсым къриубыдэу зы мазэкlэ зигъэпсэхуну зэрыхуитым теухуа хабзэр.

♦1945 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ къищтащ РСФСР-м хыхьэ Кърым АССР-р Кърым область зэращIым теухуауэ. 1954 гъэм мазаем и 19-м къэралым и Совет Нэхъыщхьэм унафэ щащI Кърым областыр Украинэ ССР-м етыным теухуауэ. Иджы ар УФ-м хыхьэ Кърым Республикэщ.

♦1971 гъэм хьэршым къыщикlыжым хэкlуэдащ «Союз-11» къхъухьм иса космонавтхэу Добровольский Георгий, Волков Владислав, Пацаев Виктор сымэ.

♦1992 гъэм Украинэмрэ Кърым автономнэ республикэмрэ я къэрал органхэм я полномочиехэр гуэшыным теухуа унафэ къащтащ.

♦Аруан муниципальнэ щlыналъэм къыщыдзэкl «Маяк» жылагъуэ-политикэ газетым и редактор нэхъыщхьэ, КЪБР-м щIыхь зиIэ и журналист **КIасэ Валерий** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦США-м щыщ боксёр цIэрыIуэ, дуней псом и абсолютнэ чемпион **Тайсон Майк** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

♦Урысей тележурналист **Кондрашов Андрей** и ныбжьыр илъэс 45-рэ ирокъу.

♦Олимп джэгухэм псым есынымкlэ 23-рэ щытекIуа, 26-рэ дунейпсо чемпион хъуа **Фелпс Майкл** и ныбжьыр илъэс 33-рэ ирокъу. США-м щыщ а спортсменым олимп медалу кlихьам хуэдиз зиIэ дунейм нэгъуэщI теткъым.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 29-рэ, жэщым градус 22 - 23-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 1, *тхьэмахуэ*

♦Бурятием егъэлъапIэ езым фIэфIу Урысей къэралыгъуэм щыхьхьа махуэр (1661 гъэм)

♦Армением и прокуратурэм и лэжьакIуэм и махуэщ

♦Тыркум и Дзэ-тенджыз къарурэм я махуэщ

♦Канадэм и махуэщ

♦Инджылызым щагъэлъапIэ ЩIыналъэм и махуэр

♦1200 гъэм Китайм дунейм щыляпэу щащlащ нэхэр дыгъэм зэрыщахьумэ нэгъуэдж.

♦1862 гъэм Москва къыщызэIуахащ къэрал университетыр.

♦1875 гъэм дунейпсо пощт зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦1882 гъэм Петербург лэжьэн щыщIидзащ япэ телефон станцым.

♦1904 гъэм Сент-Луис (США) къыщызэIуахащ III гъэмахуэ Олимп джэгухэр.

♦1917 гъэм Урысейр япэ дыдэу техьащ гъэмахуэ зэманым.

♦1921 гъэм Шанхайм къыщызэрагъэпэщащ Китайм и Компартыр.

♦1955 гъэм дунейм къытехьащ «Иностранная литература» литературно-художественнэ журналым и япэ номерыр.

♦1957 гъэм Москва и Театр Иным щызэхэтащ Къэбэрдейр езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и щIыхькlэ къызэрагъэпэща, Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэхэм ята иужьрей концертыр.

♦1966 гъэм СССР-м колхозхэтхэми мазэ къэс улахуэ ирату щыщIадзащ.

♦1981 гъэм КъБР-м и щыхубз усакlуэ **КIыщокъуэ Алим** СССР-м и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и секретару хахащ.

♦Совет Союзым и Маршал, СССР-м зыхъумэжьныгъэмкlэ и министру щыта **Соколов Сергей** къызэралъхурэ илъэси 107-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ, СССР-м и цIыхубэ артистка **Лучко Кларэ** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Философие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КЪБР-м щIэныгъэхэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакlуэ **Джатэгъэжь Владимир** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Щlэрджэс жылагъуэ лэжьакlуэ, «Хэкужь» щIыналъэ псапащlэ фондым и тхьэмадэ **Iэдэмокъуэ Алберд** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Китайм и къалащхьэ Пекин къалэм 2008 гъэм щекlуэкlа Олимп джэгуэхэм алыдж-урым бэнэкlэ лIэужьыгъэмкlэ и чемпион щыхъуа **Хъущт Аслъэнбэч** и ныбжьыр илъэс 38-рэ ирокъу.

♦Урысей фигуристкэ, Сочэ къалэм 2014 гъэм щекlуэкlа Олимп джэгуэхэм я чемпионкэ **Сотниковэ Аделинэ** и ныбжьыр илъэс 22-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 29-рэ, жэщым градус 22 - 23-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 2, *блыщхьэ*

♦Днепр псым и дунейпсо махуэщ

♦Кооперативхэм я дунейпсо махуэщ

♦Спорт журналистым и дунейпсо махуэщ. 1924 гъэм бадзэуэгъуэм къызэрагъэпэщащ спортым тетхыхь, тепсэлъыхь журналистхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэр.

♦Уфологым и дунейпсо махуэщ

♦Азербайджаным и полицэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦Узбекистан Республикэм и къэрал гербыр къыщащта махуэщ

♦1556 гъэм пащтыхь Грозный Иван Астрахань Урысей къэралыгъуэм хигъэхьащ икlи Астрахань хъаныгъуэр икъутэжащ.

♦1860 гъэм Владивосток кхъухь тедзапIэм и лъабжьэр ягъэтIылъащ. Иджыпсту ар УФ-м и Приморскэ краймрэ я къалащхьщ.

♦1964 гъэм «Къэббалъкъгаз» трестыр къызэрагъэпэщащ.

♦1975 гъэм Ростов - Владикавказ гъущI гъэзугъ мафIэгъуэм щызекlуэу щIидзащ.

♦1976 гъэм Вьетнам Социалист Республикэр къызэрагъэпэщащ, Ищхьэрэ, Ипщэ Вьетнамхэр зэгуагъэхьэри. И къалащхьэ Сайгон и цIэр Хошимин жиIэу зэрахъуэкlащ.

♦1990 гъэм къызэIуахащ КПСС-м и иужьрей, XXVIII, съездыр. Ар бадзэуэгъуэм и 13 пщIондэ екlуэкlащ.

♦ЩIэрджэс усакlуэ **Гъэущокъуэ Хъусин** къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.

♦Актрисэ, кинорежиссёр, жылагъуэ-политикэ лэжьакlуэ **Яковлевэ Александрэ** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Уэрэдзкlакlуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артистка **Гурцкая Дианэ** и ныбжьыр илъэс 40 ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 28-рэ, жэщым градус 21 - 22-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар

ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Удыр и щхъуэхь ехьыж.

Нэхъ лэжьакIуэфIэхэр зэхьэзэхуэнущ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щекlуэкlащ Урысей МВД-м и следователь нэхъыфIэхэр къыщыхах зэпеуэм и республикэ зэхьэзэхуэр.

АБы бжьыпэр щиубыдащ КЪБР-м щыIэ МВД-м и Следственнэ управленэм и следственнэ частым и следователь юстицэм и лейтенант нэхъыжь Федин Мурат. Ар къэрал кlуэцI Iуэхущхэмкlэ органхэм 2008 гъэм лъандэрэ щолажьэ, 2013 гъэм къыщыщlэдзауэ Iуэхущхэр пэщIэдзэу щызэхащъэкlэ Iэнатlэм.

Мурат диплом плъыжькlэ къиухащ Урысей МВД-м и Волгоград Академиер, «юриспруденция» Iэщlагъэр иIэу. Абы и суртыр еджапIэм и Щlыхь пхъэбгъуэфIэлъщ нэхъыфIу еджахэм ящыщу.

Мурат лэжьыгъэм щызыIэригъэхьа екъулIэныгъэхэм папщIэ мызэмытIэу къыхуагъэфэщащ КЪБР-м щыIэ МВД-м и щlыхь, фIыщlэ тхыльхэр.

КЪБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущlапlэм щыгъуазэ дызэрищlамкlэ, офицерым зыхуеГъэхьэзэр зи Iэщlагъэкlэ нэхъыфIэр щыщlихахьну урысейпсо зэпеуэм и кlэух зэхьэзэхуэм. Ар 2018 гъэм фокIадэм и 10-15-хэм щекlуэкlынущ Урсыей МВД-м и Академиеу Новгород Ищхъэрэм дэтым.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Ислъамым и нур

Къемэт махуэм и нэщэнэхэр

Іиман щыпкъэ зыбгъэдэлъ цІыхум ещІэ Къемэт махуэ зэрыщыІэр, абы шэч лъэпкъ зэрыхэмыльыр.

А махуэм и нэщэнхэр наІуэу КъурІэн лъапІэм къыщыкІуащ, хьадисми зэпкърыхауэ дыкъыщоджэ, ауэ щыхъукІи, Къемэт махуэр къыщысысынр Е3ы Алыхьым фІэмА нэгъуэщІым зыми ищІэркъым, апхуэдэ щІэныгъэкІи зыми яхуэупсакъым. Абы теухуауэ КъурІэным къыщыкІуащ: «Уэ (Мухьэмэд Бегъымбарыращ (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуарщ) зи гугъу ищІыр) псоупщІынущ а махуэмкІэ, ауэ ар Сэ фІэкІа зыми ищІэркъым. Уэ цІыхум ящыбгъэгъупщэ хъунукъым а махуэм и нэщэнэхэр».

Тхьэм зи гугъу ищІ Къемэт махуэм и нэщэнэхэр ТІуэу зэхедз: инрэ цІыкІуу. Инхэр - зэуэ къэхъуну нэщэнэхэращ; Ямэ дыдэр Джэджалыр къызэрыкІуэнуращ. Хьэдисым къызэрыхэщымкІэ, Джэджал къыщыунэхуа махуэм щегъэжьауэ, махуэ плІыщІым и кІуэцІкІэ Хьисэ бегъымбарыр къытхуригъэхьажынущ. Ауэ а махуэ плІыщІыр хуегъадэ зы махуэр - зы илъэсым, етІуанэ махуэр - зы мазэм, ещанэ махуэр - зы тхьэмахуэм. Мис а махуэ плІыщІым кІэрыубыдэу Хьисэ бегъымбарым иукІынущ Джэджал джаурыр. Абы иужькІэ, адрей нэщэнэхэр зэкІэлъхьэужьурэ къэхъунущ. Ахэр: псэущхьэхэр щІым кІыхэкІыу хъунущ, абыхэм къагурыІуэнущ хэт муслъымэнми, хэт джаурми; Дыгъэр къухьэпІэмкІэ къыщыщІэкІынущ; ЕІджыджрэ МэДжуджрэ я дзэ къэкІуэнущ (дызэрыщыгъуазэщи, ахэр Алыхьым и жыІэм щІэмыт бзаджащІэхэращ); ЩІыр иныШхуэу щэхьеинущ, зыр къухьэпІэмкІэ, етІуанэр - къуэкІыпІэмкІэ, ещанэу - Сауд Хьэрыпым; Еменым къыщылыдынущ мафІэ лыгъеишхуэ.

Нэщэнэ цІыкІуэр къэхъу зэпытщ, ауэ ар цІыхум къыгурыІуэркъым. Нэщэнэ цІыкІуэр: Ямэ дыдэр - Мухьэмэд бегъымбарыр (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуар) къызэралъхуащ. ИпэкІэ тхьилъ кІыІыхуэха лІыкІуэхэм псоми жаІащ иужьрей лІыкІуэр къамылъхуауэ Къемэт махуэр къызэрымысынр. ЕтІуанэ нэщэнэр - зауэращ. Ислъам къэралыгъуэшхуэхэр зэрызэпэщІэуэвнуращ. Ещанэ нэщэнэм щхьэкІэ жаІащ: «ПщылІыр лъхъунэрэ, ар зыхуэпщылІын пщы къилъхъунущ», - жиІэри. Абы и мыхьэнэр адэ-анэмрэ бынымрэ нобэкІэ я зэхущытыкІэращ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, куэдрэ дызэрырихьэлІэрщи, быным къэзылъхуахэм унафэ яхуищІу зэрыщытырщ. ЕплІанэр - цІыхухэм зэрымышхуэхэр ялэжь хъунущ. Хьэрэмышхуэхэм хеубыдэ, псалъэм и хьэтыркІэ, тхьэнэпцІхэм яхуэпщылІынныр, зеинШэхэм я мылъкур яфІэшхыныр, фадэ ефэныр, хьэпэщыпхэ щыныр, н. къ. Етхуанэр - щІэныгъэмрэ щІэныгъэлІхэмрэ зэрыщыІэдыжынур. ЩІэныгъэншэхэм дин щІэныгъэр зэбграхыну яужь зэриныжр, къищынэмыщІауэ, цІыхухэм я зэхуаку дзыхь зэрыдэмылъыснур.

Абы теухуауэ мы хьэдисыр щыІэщ. ЗылІ Бегъымбарым (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуам) еупщІащ: «Уа, ЛІыкІуэ лъапІэ, дапщэщ Къемэт махуэр къыщысынур?», - жиІэри. Жэуапу абы зэхихащ: «А махуэр къэсынущ щІэныгъэлІхэр мащІэ щыхъуам и деж, щІэныгъэншэхэм щІэныгъэлІу забжьжу, цІыхубэр илъам дин нэпцІым къыхурадджэу щыхъуам деж, апхуэдэ пІыупсэм жаІэр цІыхухэм я фІэщ щыхъуам деж, фыгъуэмрэ дыгъуэмрэ куэд щыхъуам деж, цІыхухэм зым адрейм дзыхь щыхуамыщІыжьым деж»; Еханэ нэщэнэр - цІыхубэхэр бжыгъэкІэ нэхъыбэ хъунущ цІыхухъуэм нэхърэ. Ебланэр - лІыкІуэ нэпцІхэр къызэрыуэнхунурщ, хьэдисым къызэрыщыкІуащи, апхуэдэ 30-м ноблагъэ; Еянэ нэщэнэр - ЩІыр нэхъыбэрэ хъей хъунущ (землетресение), дунейм и щытыкІэм зихъуэжынущ. Ебгъуанэр - цІыхухэм яфІэтелъыджэу гъащІэр ипэкІэ кІуэтэнущ, нэгъуэщІу жыпІэмэ, сыт хуэдэ Іуэхугъуэри тыншу, псынщІэу зэфІагъэкІыфу хъунущ; ЕпщІанэр - цІыхуукІэхэр куэд хъунущ; ЕпщыкІуэанэр - къулейр куэд хъунущ, уеблэмэ, сэджыгьр зыхуагъэфэщэн ямыгъуэту зэман къэхъунущ. КъинэмышцІауэ, цІыхухэм, псом хуэмыдэу Іиман зыбгъэдэлъхэм, дуней зытетыр яфІэмышІэфІу хуежьэнуущ, абыхэм мыхъумышцІагъэхэмрэ хьэрэмхэмрэ куэду зэралъагъуэм ипкъ иткІэ.

Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуам) жиІауэ хьэдисым къыщыкІуащ: «А махуэр (Къемэт махуэращ зи гугъу ищІыр) къэсынущ зэуэзэпсэу, напІэр дэпхьеину ухунэмысу. Ар мэрем махуэущ къыщыхъунур».

Хьумар Абдуль Кэфи и тхылъым къитхащ.

Хьимран ЛІыкІуэм и унагъуэр

ЦІыхум и акъылым къыхуимыгъэтІэсэн куэд агъэващ Тхьэм и ЛІыкІуэ псоми, ауэ щыхъукІи, ахэр Алыхьым псом нэхърэ нэхьыфІу илъэгъуа, и нэфІ зыщыхуахэрщ.

ЗорытщІэщи, ялэ дыдэ ЛІыкІуэр Алыхьым ялэу къиГэщІа цІыхуращ - Іэдэмщ. ЕтІуанэу бегъымбарыгъэкІэ зыхуэупсар Нухьщ, ещанэу Ибрэхьимщ, еплІанэу Хьимран и унагъуэращ.

А унагъуэм и хъыбарыр гъэкІэщІауэ фигу къэдгъэкІыжынщ. Хьимран и унагъуэм теухуауэ КъурІэн лъапІэм къыщыкІуащ сурэ псо. Алыхьым и арэзыщІынигъэм хуэлажьэ унагъуэт ар, Іисраи1 и бынхэм я щапхъэ нэст.

Хьимран щхьэгъусэ псэ кьабзэ иІащ. Абыхэм я ныбжьыр фІыуэ хэкІуэтат, ауэ бын яГуэтатэгъкъым. Хьимран и щхьэгъусэм и Іэхэр иІэтри Тхьэм елъэІуащ: «Я, си Тхьэ! СынолъэІу бынкІэ укъыскхуэупсэну. Нэзыр сощІ бын кьыІэптмэ, Уэ пхуэпщылІу къэхъун папщІэ, Тхьэм Уи унэм щІэслъхьэну!» - жиІэри. Алыхьым лъэІур кьабыл ищІри, ныбжьышхуэ зиІэ бзылъхугъэр уэндэгъу хьуащ. Зэман дэкІри, хьыджэбэ цІыкІу къилъхуащ. Ауэ анэр зыпэплъар щІалэ цІыкІуи, ар къэгуэващ нэзыр итам ипкъ иткІэ. Сыту жыІпІэмэ, щІалэ цІыкІур зэрыщІыхухъуэм ипкъ иткІэ нэхъ тыншщ бутІыпщыну, бзылъхугъэм нэхърэ. Ауэ нэзырыр нэзыри, Алыхьым анэмэт хуищІри, сабийр мэжджьтым щІилъхьащ. Абы теухуауэ КъурІэн лъапІэм къыщыкІуащ мы Іэятыр: «Ар абы къыщІилъхуам жиІащ: «Си Тхьэ! Сэ хъыджэбэ цІыкІу къэслъхуащ, Мэрем фІэсщащ. СынолъэІу, Мэремм и щІэблэри ящыпхъумэну шейтІанми, абы и блыгущІэтхэми!»

Іисраи1 и бынхэр щыгъуаззэт Іэхэр зыІутми, ахэр псори пэплъащ дунейм къытехьэну сабийм. ИкІи дэтхэнэ зыри хуейт мэжджьтым щІалъхьа сабийм кІэлъыплъыну. А къалэныр и пщэ къыдалъхьэну щІэлъэІуу куэд къакІуэрт анэм и деж.

Тхьэм и ЛІыкІуэ Закарие пщІэ лъагэр къызэрылъысар

Апхуэдэу щыхъум, цІыхухэр зэгурыІуащ дэтхэнэ зыми баш къищтэу, абы дамыгъэ тращІыхьу, ар псы ежэхьи хадзэну. Зи башыр псым иримыхьэхыу къанэр сабийм кІэлъыплъынныр хуагъэфэщэнут. Апхуэдэу щащІым, псоми я башхэр псым ирихьэхащ, ЛІыкІуэ лъапІэ Закарие и башым къищынэмыщІа. Абы и башыр ирихьэхыным и пІэкІэ, дрихьейрт. Мис апхуэдэу Іэхуур къькІуэкІри, ЛІыкІуэ лъапІэм къыльысащ сабийм кІэлъыплъынныр.

Закарие и нэІэ щІэту Мэрем къэхъуащ. Ар сабий дыдэу щІидзащ Тхьэм хуэпщылІын. А хъыджэбэ цІыкІум апхуэдизу куэдрэ, егупъуу нэмзэ ищІыртри, и лъэдакъэхэри, и лъэгуажьэхэри зэгуэчат. Закарие фІэтелъыджжэ куэд дилъагъурт хъыджэбэ псэ кьабзэм. Абыхэм ящыщщ, псалъэм и хьэтыркІэ, а лъэхъэнэм щымыІэ шхын зэмылІэужьыкІуэхэр Мэрем и пэшым къызэрыщІэхутэу щытар. «Дэнэ мыхэр къызидпхыр, Мэрем?» - жиІэу Закарие щыщІэупщІэм, жэуапу зэхихырт: «Мыр Алыхьым и пащхьэ къыкІа шхынигъэщ. Алыхьым и къарур инщ». Мис апхуэдэурэ, Алыхьым хуэпщылІын фІэкІа нэгъуэщІым емыгупсысу, къэхъуащ Мэрем Тхьэр зыхуэупсар.

Бзылъхугъэу къигъэщІам яхиІэтыкІащ

Дызэрыщыгъуазэщи, цІыхубзу къигъэщІам Алыхьым яхиІэтыкІащ бзылъхугъапІІ. Ахэр: ялэр - Асиещ (Асие фирхьэун бзаджащІэм и щхьэгъусэу щытащ); етІуанэр Алыхьыр зыхуэупса Мэремщ (Хьимран ипхъущ, Хьисэ бегъымбарым и анэщ); ещанэр Хьууейли ипхъу Хьадыжэщ; еплІанэр Мухьэмэд бегъымбарым ипхъу ФатІимэщ.

Шэч хэмылъу, а плІыр бзылъхугъэу къигъэщІам яхиІэтыкІащ, ауэ щыхъукІи, мелыІычыр зыхуигъэкІуар Мэрем дакъэущ. Абы теухуауэ КъурІэным къыщыкІуащ мы Іэятхэр: «Уа, Мэрем! Шэч хэмылъу, Алыхьым укъыхихащ икІи уигъэкъэбзащ. Бзылъхугъэу къигъэщІам уаригъэфІэкІащ. ШыІэныгъэ зыхэгъэлъ, Алыхьым щхьэщэ хуэщІ. Шэч хэмылъу, Алыхьым уигъэгуфІэнущ хъыбарыфІкІэ. Алыхьыр къыпхуэупсэнущ щІэблэкІэ. Абы и цІэр Хьисэщ. Ар Алыхьым и ЛІыкІуэщ».

Германием чемпионыгъэр пасэу ІэщІокІ

Футболымкіэ XXI дунейпсо чемпионатым и гуп зэпеуэр иухащ. Абы ипкъ иткІэ Германием и чемпионыгъэр пасэу Іэщ1экІащ. Иужь иль1эс 36-м зэи къэмыкъуауэ Африкэм и зы къэралыгъуи финалым и 1/8-нэ Іыхьэм кІуэфакъым.

МЫ ЧЕМПИОНАТЫМ Германием Іэмал гуІэззэджэ щІиащ дуней псом тхуэнейрэ щытекІуа Бразилием и командэ къыхэхам лъэщІыхьэжьыну. АрщхьэкІэ нэмыцэхэм къахуиухауэ къыщІэкІынущ ди къэралым зэи щытемыкІуэну. Гуп зэпеуэм и кІэух зэІущІэм абыхэм хагъэщІэн хуейуэ арат адэкІэ кІуэтэну зы Іэмали зимыІэж Кореем и футболистхэр.

Сыхьэтрэ ныкъуэкІэ зэпымыууэ нэмыцэхэр еБгъэрыкІуащ, арщхьэкІэ зыри къикІакъым. Швецием иужьу щыІущІами хуэдэу, судьям дакъикъитху аргуэру джэгум къыщыщІигъум, занщІэу гум къэкІыжащ ар Германием махуилІ ипэкІэ хъарзынэу къызэригъэсэбэпыфар. АрщхьэкІэ насыпри сыт щыгъуи зым къыхуэкІуэркъым. Зэрахьбзэу, дакъикъиплІкІэ нэмыцэхэр Кореем и гъуэм аргуэру Іусащ - адэкІэ кІуэтэн папщІэ ахэр Іэмал имыІэу текІуэн хуейт.

Германием и гуп къыхэхар къанэ щІагъуэ щымыІэу зэребгъэрыкІуэр Іэззэу къагъэсэбэпащ корейхэм. Ахэр зэрэззэпсу кІуэцІрыкІри, дунейпсо чемпионэм я гъэзэр хагъэщІащ. Ар гуущІыхьэ зыщыхъуа нэмыцэхэм я гъащІэхьэтетри ебгъэрыкІуэхэм яхьыхьащ. Гъэзэр нэщІу къыззрынар Кореем и гуп къыхэхам аргуэру къиГэсэбэпащ икІи кІэух дакъикъитІым топитІ худагъэкІри, Германием и чемпион такъыр щхьэщащ. Хьэлэмэтраци, иджы фІэкІа зэи къэхъуатэкъым нэмыцэхэр гуп зэпеуэм къыщыхэмыкІыфа.

Германиер зэрыльэпэрэпам и фІыгъэкІэ Швецием «F» гупым бжьыпэр щиубыдащ. Абы 3:0-у хигъэщІа Мексикэр етІуанэ.

Зэрыхуагъэфэщауэ, Бразилиер «Е» гупым щытекІуащ. Иужьым ар 2:0-у ефІэкІащ Сербием. Швейцарием етІуанэ увыпІэр иубыдащ.

«Н» гупым Колумбиер щынэхъыфІащ. Японием-рэ Сенегалымрэ я очко бжьыгъэмкІи, топ дагъэкІахэмрэ я хьудатгъэкІахэмрэ зэрызэхущытымкІи зэтехуащ. Апхуэдэу щыхъум, гуп зэпеуэм нэхъ мащІэрэ дагъуэ зыщыхуащІа японхэр япэ ирагъэщащ.

Бельгиемрэ Инджылызымрэ зэхагъэкІын хуейт «G» гупым щытекІуэнур. Зыльэрагъэхьа екъулІэныгъэхэр къанэ щымыІэу зэтехуэу ахэр зэІущІащ. Хьэлэмэтщ, ауэ тІури увгъэтэкъым пашэныгъэр яубыдыну - абы иужькІэ командэ нэхъ лъэщхэр - Бразилиер, Аргентинэр, Португалиер, Уругвайр, Франджыр - зыхэт лъэныкъуэм хэхуэнут. АрщхьэкІэ Бельгием и гъуащхьауэ Янузай Нихьат иужькІэ хъэрхуэрэгъу къахуэхъуныхэм егупсысакъым икІи дахэ дыдэу дигъэкІа топым и командэр тригъэкІуащ.

Нобэ щІадзэ финалым и 1/8-нэ Іыхьэм хьыхь зэІущІэхэм. Сочэ и «Фышт» стадионым япэу утыку къащІихьэнущ Уругваймрэ Португалиемрэ я гуп къыхэхахэр. Абыхэм къакІэлъыкІуэнущ Франджымрэ Аргентинэм-рэ я зэпэщІэтыныгъэр. Пщдей Мэкъуу и «Лужники»-м Урысей Федерацэм и гуп къыхэхар щыдэджэгунущ Испанием, иужькІэ Хорватиемрэ Даниемрэ зэІущІэнущ. Бадзэуэгъуэм и 2-м зэныкъуэкъунущ Бразилие - Мексикэ, Бельгие - Японие командэхэр. КъыкІэлъыкІуэ махуэм Швеце - Швейцарие, Колумбие - Инджылыз гуп къыхэхахэр зэдзэджэгунущ. Абыхэм щытекІуэхэр финалым и Іыхьэ планэм кІуэнущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Гу зылъытапхъэ

Бжыгъэр зи лъабжьэ телевиденэм зеубгъу

Электрон хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм Урысей Федерацэм и субъектхэм зыщаубгъу зэпытщ. Къапщтэмэ, ди республикэм и щІыпІэ псоми нобэ пщІэншэу ущеплъыфынущ бжыгъэр зи лъабжьэ телевиденэм.

РТРС-1-м и программи 10-м (ялэ мультиплекс) пщІэншэу икІи фІагъ лъагэ иІэу еплъыну ди цІыхухэм я нэхъыбэм нобэ Іэмал ягъуэтащ. Абыхэм хохьэ «Ялэ канал», «Россия 1», «Матч ТВ», «НТВ», «Петербург-5 канал», «Россия К», «Россия 24», «Карусель», «ОТР», «ТВ Центр» телеканалхэмрэ «Вести ФМ», «Маяк», «Радио России» радиоканалхэмрэ. Къищынэмыщ1ауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу дэтхэнэми мы гъэм и кІэухым Іэрыхьэнущ РТРС-2-р (етІуанэ мультиплекс). Абы къызэщІеубыдэ «СТС», «ТНТ», «РенТВ», «Пятница», «Спас», «Домашний», «Звезда», «ТВ3», «Мир», «МузТВ» каналхэр.

Республикэм щыпсэум и процент 76-рщ зи гугъу тщІы каналхэр иджыри къэс зыІэрыхьэу щытар. Бжыгъэр зи лъабжьэ телевиденэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыту къызэщІиубыда хуэн папщІэ къэзыт станц 38-рэ яухуащ. Зым Налшык лажьэн щыщІидзакІэщ, адрей 37-р 2018 гъэм и кІэухым яутІупщІынущ.

Дунейпсо телевиденэм зэрызиужьым и зи чэзу лъэбакъэущ бжыгъэр зи лъабжьэ телевиденэр. - Ар куэдкІэ йофІэкІ иджыри къэс щыІам и къэгъэзэгъэкІэкІи, макъыр къызэритымкІи. Къищынэмыщ1ауэ, частота куэдыІуэ яубыдырти, мылъкушхуэ текІуадэрт. Адрей къэрал зызыужьахэм пасэу зэращІам хуэдэу, 2018 гъэм и кІэухым Урысей Федерацэри зэрыщыту бжыгъэр зи лъабжьэ телевиденэм хуэкІуэнущ. ЦІыхур здэщыпсэу щыІэпІэм и инагъым, здэщыІэм емыльытауэ ар дэтхэнэми Іэрыхьэнущ. Абы папщІэ зэхалъхьауэ мэлажьэ «2009 - 2018 гъэхэм Урысей Федерацэм телевиденэмрэ радиомрэ я нэтынхэм зэрызыщиужьыну» федеральнэ программэ щхьэхуэр. Араш къызыхэкІар къэралым и дэтхэнэ щІыпІэми бжыгъэр зи лъабжьэ телерадионэтынхэр пщІэншэу икІи фІагъ лъагэ иІэу зэрыщыІэрыхьэнур.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и РТПЦ» РТРС-м и пщэ хьыдоху телесетхэр ди республикэм щыухуэнымрэ гъэлэжьэнымрэ. Нэгъабэ и дыгъэгъазэ мазэм щыщІэдзауэ ди нэтынхэри эфирым кІуэуэ щІадзащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и журналистхэм ягъэхьэзыра программэхэр къыщат «Россия 1», «Россия 24» телеканалхэмрэ «Радио России»-мрэ. Бжыгъэр зи лъабжьэ телевиденэр къебгъэубыдын папщІэ дециметр диапазоным ит антеннэ уиІэн хуейуэ аращ. Иджы къыдагъэкІ телевизорхэм я нэхъыбэм DVB-T2 мардэр иІэщи, пщІэншэу къат мультиплексхэр къызэщІаубыдэ. Телевизорхэр жьымэ, бжыгъэр зи лъабжьэ приставкэ пыщІэн хуейц. Ар тыншу зэфІокІ икІи дециметр антеннэхэм я уасэм сом 300-м къыщыщІедзэ, бжыгъэр зи лъабжьэ приставкэхэм - сом 700-м щегъэжьащ. Ахэр электроникэр щащэ дэтхэнэ тыкуэнми щыпэрыхьэтщ. Бжыгъэр зи лъабжьэ телевиденэм щызыпІыфщІэкІэ гугъуехь гуэрхэм фыхэхуэмэ, КЪБР-м щыІэ РТРС-м и Іэщ1агъэлІхэм сыт хуэдэ упщІэхэмкІи захуэгъазэ хъунущ лэжьэгъуэ махуэхэм сыхьэти 8-м щыщІэдзауэ 17-м нэсыху мы телефон номерымкІэ - +7 8662 72-06-23. А Іэхъугъуэм екъэлІауэ федеральнэ «линэ пщтырым» жэщми махуэми пщІэншэу упсалъэ хъунущ - 8-800-220-2002.

РТРС.РФ официальнэ сайт щхьэхуэм нэхъ зыубгъуауэ зыщыщыбгъэгъуэзэфынущ бжыгъэр зи лъабжьэ телевиденэм теухуа хьыбархэм.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Пекъу Таужан и щапхъэр

Куэдым я ущикІуэ, анэ гумащІэ, лэжьыгъэмрэ тылымрэ я ветеран Пекъу Таужан 1926 гъэм Тыжьей къуажэм къыщалъхуащ.

Хьыджэбэ цІыкІур илъэс 14-м щІигъуэ къудейуэ Хэку зауэшхуэр къэхъейри, абы и нэгум куэд щІэкІащ, жэщ-махуэ имыІэу мазэ зыбжанэкІэ окопэ къитІащ, и ныбжьым хуумыгъэфэщэну нэгъуэщІ Іэкъуэ къытхъэхэрэ и фэм дэхуащ.

Нанэ Іумахуэм и ныбжьыр илъэс 92-м щІигъуами, а зауэм цІыхухэм къахуихьауэ щыта гузэвэгъуэр абы и гум хуигъэхуркъым.

- Зи лъэ вакъэ изылъхьэ псори фыныдэкІ, жаІэу губгъуэ нэщІым дышрашам, сэ нэхъэр нэхъыщІэ гупым зыри яхэттэкъым. Унэм демыкІуэлІэжу мазэ зыбжанэкІэ окопэ къэттІащ. «Алыхьым пхуымышэчим къыптрилъхьэркъым», жыІаІэраци, псоми дыкъелащ. Шэч хэмылъу, гугъу дехьащ, ауэ си нэгу щІэкІа псоми ящхьэт хьэдэхэр, абыхэм сабийхэри яхэту, къэсщыпыжу губгъуэм сызэритар. Уафэгум ит кхъухьлъатэхэм къарапхъых лагьымэхэр тлъагъурт, - нанэм и нэпсхэр щІелъэщІыкІ и гукъэкІыжкхэр ящІыщІхуиІуэтэкІэ.

Аузрэ зауэ бзаджэри иухащ, Таужани псэууэ кьелащ. Зауэ нэужь зэманри, псоми зэрытщІэщи, тыншакъым. ЦІыхур гугъу ехьыр и ныбэкІи, и фэкІи, псэкІи. Ауэ щыхъукІи, а лъэхъэнэми Таужан цІыхухэм пщІэ къыщыІухащІын щапхъэ къыгъэлъагъуэурэ гугъуехь псоми лъабжьэщІ. Абы игъащІэм лэжьыгъэ зэхэдз ищІакъым. Сыт хуэдэ лажьыгъэ хьэлъэми зрипщытащ. Псалъэм папщІэ, бзылъхугъэм къыхуихуащ пхъэІэщэм щІэщІауэ щІыр щиваи, гъавэ Іуахыжхэри пІлэкІэ къыщрильэфэкІаи. Ауэ а псоми къагъэдзыхакъым бзылъхугъэр.

ИужькІэ Таужан унагъуэ ихьэри, щІэблэ узынши къыщІэуваш. И бынхэм псоми щІэныгъэрэ Іэщ1агъэрэ яІэщ. И сабийхэр щынэхъ щІыкІум школым уври, абыи илъэс зыбжанэкІэ щылажьащ.

Ислъам диным зэрысабийрэ псэкІэ пэгъунэгъуэ ти, щыІэныгъэщхуэ сыт и лъэныкъуэкІи хэлъу къэгъуэгурыкІуащ. Нанэ Іумахуэм псапэ лэжьынкІи нобэми пщІэ лъэпкъ кьытенэркъым. И нэщІи, и нэмэзи зы махуэ блигъэкІыркъым, Алыхьым и арэзыщІынигъэм телажьэ зэпытщ. Чэнджащ хуейри, зи щэху зыІуэтэнури, нэщІым, нэмэзым, дуХэ ГъэІэнэм ехьэлІауэ упщІэ зиІэкэри нанэм кІыхуэкІуэу апхуэдэщ.

Бадзэуэгъуэм и нэмэз щІыгъуэхэр

● Фи лъэІукІэ

Махуэхэр	Пщэдджь-жьыр	Дыгъэр къыщы-щІэкІыр	Шэджа-гъуэр	Ичын-дыр	Ахъшэ-мыр	Жасыр
1, тхьэмахуэ	02.39	04.29	12.20	16.26	19.52	21.46
2, блыщхьэ	02.40	04.29	12.20	16.26	19.51	21.45
3, гъубж	02.41	04.30	12.20	16.26	19.51	21.45
4, бэрэжьей	02.42	04.31	12.20	16.26	19.51	21.44
5, махуэку	02.43	04.31	12.20	16.26	19.51	21.44
6, мэрем	02.44	04.32	12.21	16.26	19.50	21.43
7, щэбэт	02.45	04.33	12.21	16.26	19.50	21.42
8, тхьэмахуэ	02.46	04.33	12.21	16.26	19.50	21.42
9, блыщхьэ	02.47	04.34	12.21	16.26	19.49	21.41
10, гъубж	02.48	04.35	12.21	16.26	19.49	21.40
11, бэрэжьей	02.49	04.35	12.21	16.26	19.48	21.39
12, махуэку	02.50	04.36	12.21	16.26	19.48	21.38
13, мэрем	02.52	04.37	12.22	16.26	19.47	21.37
14, щэбэт	02.53	04.38	12.22	16.26	19.47	21.36
15, тхьэмахуэ	02.54	04.39	12.22	16.26	19.46	21.35
16, блыщхьэ	02.56	04.40	12.22	16.26	19.45	21.34
17, гъубж	02.57	04.40	12.22	16.26	19.45	21.33
18, бэрэжьей	02.58	04.41	12.22	16.26	19.44	21.32
19, махуэку	03.00	04.42	12.22	16.25	19.43	21.30
20, мэрем	03.01	04.43	12.22	16.25	19.42	21.29
21, щэбэт	03.03	04.44	12.22	16.25	19.42	21.28
22, тхьэмахуэ	03.04	04.45	12.22	16.25	19.41	21.26
23, блыщхьэ	03.05	04.46	12.22	16.25	19.40	21.25
24, гъубж	03.07	04.47	12.22	16.24	19.39	21.23
25, бэрэжьей	03.08	04.48	12.22	16.24	19.38	21.22
26, махуэку	03.10	04.49	12.22	16.24	19.37	21.20
27, мэрем	03.11	04.50	12.22	16.23	19.36	21.19
28, щэбэт	03.13	04.51	12.22	16.23	19.35	21.17
29, тхьэмахуэ	03.15	04.52	12.22	16.23	19.34	21.16
30, блыщхьэ	03.16	04.53	12.22	16.22	19.33	21.14
31, гъубж	03.18	04.54	12.22	16.22	19.32	21.12

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусльмэнхэм я Іэухущ1апІэм къыдитащ.

Пл1анэпэр зыгъэхьэзырар **ЖЫЛОКЪУЭ Люсаннэщ.**

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Зыгъэхьэзырар
НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ

● Зэхыхьэхэр

Купщіафіэу, гукъинэжу

Хабзэ дахэ хъуауэ, Ныбжьыщіэхэм я республикэ библиотекэр, ПащІэ Бэчмырзэ и цІэр зезыхьэр, илъэс зыбжанэ хъуауэ жыджэру хэтщ, 2014 гъэм Саратов къалэм къыщыхалъхьа «Пушкиным и тхыгъэхэм зэгъэусэу дыкъоджэ» щІыналъэпсо Іэхум. Зэхыхьэ гуапэр къызэрагъэпэщащ Урысыбзэм и махуэмрэ урыс литературэбзэм и лъабжьэр зыгъэтІылъауэ къалъытэ усакІуэ цІэрыІуэ Пушкин Александр къыщалъхуа махуэмрэ ирихьэлІэу.

ЗЭІУЩІЭ щхьэпэм икІи гъэщІэгъуэным хэтащ Налшык къалэм и сабий гъэсапІэхэмрэ курыт еджапІэхэмрэ я гъэсэну 100-м щІигъу. Апхуэдэхэщ гимназие № №14-м, 29-м, прогимназиэ №75-м, курыт еджапІэхэу № №9-м, 31-м, 32-м я еджакІуэхэр, сабий гъэсапІэ №65-м и гъэсэнхэр, Таз ФатІимэ зи унафэщІ «Шэху уэздыгъэ» литературэ студием, Сабий творчествэмкІэ «Дыгъэпс къалэ» академием екІуалІэ ныбжьыщІэхэр.

Зэхыхьэм щыжаІащ Пушкиным и щІэинхэр къызэрыльытэгъуейр, абы и тхыгъэхэм зыщыщ лъэпкъкІи, зэрыт динкІи, ныбжькІи зэщхьэщыкІ цІыкуэхэр зэрызэкъуагъэувэр, ахэр бзэ куэдкІэ зэрызэрадзэкІыр.

ЗэІущІэм хэта сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ а махуэр гукъинэжу ягъэкІуащ. Ахэр Пушкиным и таурыхъхэм щыхьэщІащ, усакІуэм и тхыгъэхэр зи лъабжьэ зурэтхэр ящІащ, викторинэ джэгуащ, макъамэ зэпеуэм я зэфІэкІ щеплъыжащ, усэхэмрэ таурыхъхэм щыщ пычыгъэзэхэмрэ кьеджащ, театр теплъэгъуэхэр утыку кърахьащ.

А махуэм библиотекэм и лэжьакІуэхэм Пушкин Александр и Іэдакъэ къыщІэкІа тхылъхэр щызэхуэхьэса дапхъэ ягъэуващ, тхакІуэм и гъащІэмрэ гъащІэмрэ щІэблэм ягу къагъэкІыжу.

Филологие щІэныгъэхэм я доктор, Урысейм и ТхакІуэхэм я зэгухьанныгъэм хэт **ХьэкІуащэ Мадинэ** сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ ехъуэхъуащ Урысейм щагъэлъапІэ Урысыбзэмрэ Пушкиныр я махуэхэм зэрыхэтымкІэ икІи ахэр кьыхуриджащ усакІуэшхуэм и тхыгъэ купщІафІэхэм еджэну, щІэныгъэ зрагъэзгъэтыну.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Дунейм и щІыпІэ нэхъ дахэ дыдэхэм ящыщщ Италием и Флоренце къалэр, Европэм и щэнхабзэ центр нэхъ цІэрыІуэ дыдэхэм хабжэ ар. «Возрождение лъэхъэнэм и гущэкІэ» йоджэ суратым щыфІагъу къалэ Іув дыдэу зэхэсым. Флоренциемрэ дунейм къриташ щыхьу цІэрыІуэ дыдэхэу Леонардо да Винчи, Микеланджело, Донателло, Данте, Галилей, нэгъуэщІхэри. Абы уэру макІуэ зыгъэпсэхуакІуэхэр, зыщапльыхьыр, фэеплъ щІыпІэ гъэщІэгъуэнхэр зрагъэлъагъун папщІэ. Псалъэм щхьэкІэ, псоми я нэ къокІ скульптор Микеланджело Буанаротти и Іэдакъэщ Іэкі гъэщІэгъуэнхэм, дэнэ щІыпІи къыщащІэхэм, зэ нэхъ мыхъуми Іуплъэну. И кІэн къикІащ ди газетым и сурэтхэр Къарей Элинэ - ар иджыблагъэ щыІащ Флоренциемрэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ. Мэкъуауэгъуэ мазэ, 2018 гъэ.*

● Цыхъушхуэхэм я гупсысэхэр

Фи гурыІэр фымыхъуэж

ГъащІэм деклуу псэуфыр нэхъ губзыгъэракъым икІи нэхъ хахуэракъым, атІэ зэхъуэкІыныгъэхэр псынщІэу къэзыщтэфырщ.

Дарвин Чарльз.

ГъащІэм и дэтхэнэ меданри - иджыри зы Іэмалщ.

Маркес Габриэль.

Ляп лъэбакъуэр чыи, занщІэу кьыбгурыІуэнущ узэригугъам хуэдзу зэрымышынагъуэр.

Сенекэ.

Фигу ифлъхьар зэвгъэхъулІэным Іэмал зыри имыІэу кьыщыфІтыгъэм деж, фи гурыІэракъым фхъуэжынур, атІэ ар зэрызыІэрывгъэхьэну фубзыхуа гъуэгурщ.

Конфуций.

ЖыпІэнур щумыщІэм деж пэжыр жыІэ.

Твен Марк.

ПщІэ зыхуащІ цІыху ухъун щхьэкІэ, гъащІэм кьыпхуигъэлъагъуэ псори екІуу къэбгъэсэбэпыфын хуейщ.

Ларошфуко Франсуа.

Псалъэр щымащІэм пщІэ нэхъ щІэщІ.

Шекспир.

ЦІыху губзыгъэм къарум зыпишэркъым.

Бомарше Пьер.

ЦІыхум зэхихыр къыгурыІуэм нэсщ.

Гёте Иоганн.

● Шхыныгъуэхэр

КІэртІоф хьэнтхъупс

Шыуаным тхъу ираліъхьэри, мафІэ щабэм тету ягъэткІу. Абы зэпэплІимэурэ упщІэта бжьыныщхьэ халъхьэри, зэІащІэурэ ягъэлыбжьэ, шыбжий сыр хьэжа закІутэ, зэІащІэурэ тхъуэплъ дахэ хъуку ягъэлыбжьэ. ЗэІащІэурэ псывэ щІакІэ, мафІэ щабэм тету дакъикъитІ-щыкІэ къагъэхъуалъэ. Абы халъхьэ Іупщ1эурэ упщІэта кІэртІоф. Псывэ кьэнар щІакІэжри, шыгъу хадзэ, зэІащІэ. Шыуаныщхьэр трапІэри, хьэзыр хъуку мафІэ щабэкІэ ягъавэ. Хьэзыр хъуа хьэнтхъупсыр пэщхьэкум кьытрахри, джэдгын, бурш хауда, шыуаныщхьэр трапІэжри, дакъикъитхукІэ щагъэт. Пщтыру фалъэкІэ Іэнэм трагъэувэ. ЩІакхъуэ е лэкъум дашх. Шати хэзыкІэ щыІэщ.

Халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ):
тхъууэ - грамм 40,
бжьыныщхьэ укъэбзауэ - грамм 35-рэ,
псывзу - грамм 900,
кІэртІоф укъэбзауэ - грамм 200,
шыгъуу, шыбжийуу, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

Нартыху хьэжыгъэ жэмыкуэ

Шыуаным псы щІыІэ иракІэ, абы джэдыкІэ кугъуэ уда зыхэлъ шатэ хакІэ, фІыуэ зэІащІэри, мафІэм трагъэувэ. ЗэІащІэурэ дакъикъи 5-6-кІэ къагъавэ. АдэкІэ нартыху хьэжыгъэ ухуэнщІар хаудэри, тхъу къыщІидзыху, дакъикъи 10-15-кІэ, зэІащІэурэ ягъажьэ. Хьэзыр мэхъу щыжаІэм, зэІащІэурэ, кхъуей цІынэ упщІэта халъхьэ, шыгъушипс щІыІэ хакІэ. Пщтыру Іэнэм трагъэувэ, шху щІыІэ и гъусэу.

Халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ):
псы щІыІэу - грамми 100,
шатэу - грамм 500,
джэдыкІэ кугъуэу - 1,
нартыху хьэжыгъэу - грамми 115-рэ,
кхъуей цІынэу - грамм 40,
шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхьажащ.

Леонардо да Винчи

Бэджымрэ къалэ пцІащхъуэмрэ

Бэджым и хъы дыжьыныфэр зэІуищэуурэ жыг зэхуакум щишэщІырт, ауэ къалэ пцІащхъуэм, абы блэлъэтурэ, хьыр дАйму зэпиупщІырт.

- Сыт зэран укъыщІысхуэхъур? - къэгубжьауэ щІэупщІащ бэджыр. - ЗызгъэлІэжу сщІы лэжьыгъэр щхьэ хэбгъэкІуадэрэ? Уэ сыткІэ сынокьуэнщэкІрэ сэ?

- СынокъуэнщэкІрэ, жи!.. Хьилэ бзаджэр къызэытращІыкІыжар уэращ! - бзэрабзэу жэуап къитыжащ къалэ пцІащхъуэм. - А уи нэрымылъагъу бэджыхьри гъудэбадзэхэм я ажал зыхэлъ къапхъэнщ.

- Уэрат иджы апхуэдэ псалъэхэр жызымыІэжар! - игъэщІэгъащ бэджым. - Уэ езыр сыткІэ унэхъыфІ сэ нэхъра? Махуэ псом уи жьэр ущІауэ къыболъэтыхь, ижьымкІи сэмэгумкІи а узытегуэвэлъ гъудэбадзэ дыдэхэм уепхъуэу. Уэ уи дежкІэ ар Іуэху джагу хуэдэщ. Сэ-щэ, лъэкІ къэзмыгъанэу солажьэ, Іуданэ псыгъуэхэр содржи, хьару бзджыхъ зэІуэощэ. А си лэжьыгъэ хьэлэлым пшэрыхьри къыпокІуэ, ар си хъым ихуа нэужь.

Аращ игъащІэм, дэтхэнэми, езым и щыгу тесу дунейр зэрилъагъум, къызэрыщыхьужьым трищІыхьу, нэгъуэщІхэр игъэкъуэнщэну, я хьэкум ищІэну хьэзырщ.

Ахъомрэ Къэсмыжьмрэ

Ахъом, пхъощхьэмыщхъэ пызу кьыпыкІати, зигъэпагэу ахэр мыхъуауэ зыпыт и къудамэхэр игъэуфафэрт. Зэгуэр и щхьэгъэ ирихьэри, игъэщІагъэу гу лъитащ щхьэ баринэ хъужауэ и гъунэгъуу жыгышхуэ кьызэрыкІам.

- Хэт уэ хуит уэхъэщІагъ дыгъэр щІэпхъумэну!.. Си пхъощхьэмыщхъэхэм кьару ягъуэтыным зэран аухуэхъунну... - жыг мыцІыхум шынагъуэу щІэгурбжьащ ахъор. - Хэт ухъуну уэ езыр? Зумылъэфыхьу, жыІэт!

- Сэ сыкъэсмыжщ, - зэмысыфІэу жэуап къитыжащ гъунэгъу жыгым.

- А-а... укъэсмыжщ... икІи укъэсарэ икІи умыжу... тхьэмпэм щІихъума! - зыпищІыжу, екъурджэуащ абы мыарэзыуэ ахъор. - АтІэ уи пхъощхьэмыщхьэр дэнэ щыІэ? Сэбэпыншэу укъызэрыкІымрэ нэгъуэщІхэм зэрэрыхуэхъумрэ утеукІытыхьыжьыркъэ?! Зэ умыпІащІэ-тІэ! Сэ спыт пхъощхьэмыщхьэхэр мыгувэу хъунщ, тІыгъужьыщи, кьыспыхужьыщ, щІы псыІэм хэхуэнщи, сэ схуэдэу псори къэкІынщ, кьызэщІэрыуэнщи, мис итІанэ зэуэ уэри дунейм утетхужьынщ.

ИкІи, пэж дыдэу, ахъом кьыпыкІа пхъощхьэмыщхьэр - псори зэхуэдэ защІэу - дэгъуэкІейуэ хъуащ. Ауэ зэгуэр, блэкІра пэт, сэлэтхэм абы гу лъатащ. Хьууэ тІыгъужьа ахъо хъуэпсэгъуэм нэпсейуэ ежэхэри зыри кьыпамынэу зэхафыщІащ, и къудамэхэри гуащІыкІащ, уеблэмэ, апхуэдизкІэ Іэфы щэт ахэри, щІым щылъи къагъэнакъым.

Къэсмыжьыр зызыыцэхужа и гъунэгъум гущІэгъу хуищІу елъащ:

- Ей, ахъо тхьэмыщкІэ! Уэ езым кьыпщыщІыну мыгъуагъэр умыщІэжу, сэ си ежалир кьэсэну жыпІат. Си жагъэр хуащ уэ кьыпшІэхъуа пхъощхьэмыщхьэм и эзранкІэ лей къызэрыптехьар.

Ахъор иджыри куэдрэ ирибэмпІащ, кьыщыщІам къытрадза фэбжьыр игъэхьужу; мыдрей гухьэлэн къэсмыжьым зиужьу, нэхъри зэбгрыкІыІыу и гъащІэм ыпІощэжащ, зыми емыфыгъуэу икІи зыри Іей хуэзэну щІэмыхъуэпсу.

Зэхэзылъхьар
ХЬЭТУ Пётрщ.

Псалъэзэблэдз

Екіуэкіыу: **5.** Хадзэкі. **6.** Вакъэ лъапщэ кІыхь. **7.** Хъыджэбз ныбжьыщІэ. **10.** Анэшыи кІуа щІалэ цІыкІум анэшхуэр кьобзэрабзэ: « ...-хамащхьэу ущымыт, си псэ, уи унэ ущыІэ хуэдэщ уэ». **12.** Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадзу щыта ... Кэншэбий. **14.** Колхозым губгъуэм къыщрихьэлІа гъавэр пІалъэкІэ щызэтракІутэ щІыпІэ. **16.** Пшынэм и сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкІэ тет Іэпэ. **18.** Ефэндыхэм я нэхъыщхьэ, хеящІэ. **21.** ... цІыкІу бжьакъуэшхуэ. **24.** Зи Іуэ ит нэхьрэ - зи ... ит. **25.** Мэжджэтым хэтщ ... джалпІэ. **26.** Лажьи хъати симыІэу, ди унафэщІым си ... къыщІащ. **29.** ЕгъэджакІуэм и макъым зрегъэІэт: « ... фещэу фыщымысу, дерс фэстам феджэ!». **30.** Ляп адыгэ уэзщІакІуэхэм, щІэныгъэлІ цІэрыІуэхэм ящыщ, «Адыгэ народым и тхыдэ» тхылъыр зи Іэдакъэщ Іэкі. Абы и цІэр зэрехьэ Налшык къалэкурэхи хуэзэ зы уэрамым. **31.** Хьэжыгъэ, ху хуэдэхэр кьрагъэхъуэн папщІэ кьагъэсэбэп. **34.** Адыгэ композитор цІэрыІуэ, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтыр зрата. **35.** ЩІымахуэ ... е гъэмахуэ ... **36.** «Щихуэхэр иджыри ...» - Къэрмокьуэ Мухьэмэд цІэрыІуэ зэрыхьуа тхылъ. **38.** Къэбэрдей тхакІуэ: мы гъэм, накъыгъэ маззэм, и ныбжьыр илъэс 80 ирикъуащ. **39.** Ди къэралым и псыежэх нэхъ ин дыдэхэм ящыщ. **40.** Илъэс 18 ирикъуа щІалэщІэхэр абы яшэ хабзэщ. **41.** Еуэкіыпіэ. **43.** Дунейм цІыхур зэрехьажам и хьэбар нэгъуэщІхэм яльэзыгъэІэс. **45.** Кьулейкэм я Іуэхутхьэбзащ1э. **48.** Танкист хахуэу щыта, Совет Союзым и ЛІыхъужь. **49.** Іуащхьэмахуэ щыгу ляпэ дыдэу къэзыгъэІурыщІа ...Чылар **50.** Дэрбэзр хьэпшып.

Кьехьу: **1.** ПхъащІэ Іэмэпсымэ. **2.** НэгъуэщІым ... хуэпІмэ, уэ уихуэжьынкІэ мэхъу. **3.** Нарт Щэуей и адэр. **4.** Фадэ гуащІэ. **8.** ... куцІрэ фо цІынэкІэ япІа щІалэ. **9.** Зым и зэран ... йокІ. **11.** ...-махуэми, си машинэ кьутар иджыблагъэ зэзгъэпэщцыжащ. **13.** Нарт хьыбархэм кьызэрыкъщыкІэ, Іэщхэм я тхьэ. **15.** ПхъэІэщэм кьызэригъэдзэкІа щІы Іыхьэ. **17.** Пэрыт, пашэ, адрейхэм щапхъэ яхуэхъу. **19.** Еджакіуэ ныбжьыщІэхэм кьуалэбзум ... хуащІащ. **20.** ЩІыпІэ жыжьэ. **22.** Зи купсэр яшх удз сыр лІэужьыгъуэ. **23.** Хьэкъущыкъум щыщ. **27.** ХьэкІэпычым гу кІуэм ... къыкІэреуд. **28.** ... лъакъуэ шкІэ икІрэ? **32.** Бззэрыр ... щІыпІащ. **33.** Псалъэ дахэм ... гъуэмбым къреш. **37.** Бжьэхуц зыдэлъ щыгъын Іэгъуапэншэ. **38.** ЩІалэ цІыкІум ... топ къыхуащІхуащ. **41.** Уафэм ... фІыщІэ гуартэхэр къытрихащ. **42.** Егъэлеяуэ дунейр щыщІыІэм апхуэдэу йоджэ. **43.** Хьэм и губжьыр кхъуэм ... **44.** Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм партым и Къэбэрдей-Балъкъар обкомым и нэхъыщхьэу щы-та ...Зубер. **46.** Зи кІуэцІыр нэщІ, купщІэ зэрымылъ. **47.** ЩыхубзхэмкІэ зыкІэралъхьэ хьэпшып цІуугъэнэ цІыкІу.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Мэкъуауэгъуэм и 23-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екіуэкіыу: **5.** Хъер. **9.** Аму. **10.** ЩхьэлъащІэ. **11.** Пхъэхуей. **12.** БжьапцІэ. **13.** Пыл. **14.** Нахьтэ. **16.** Адрыщ1. **20.** Мы. **21.** Урифыщ1. **22.** Ду. **23.** Напэм. **24.** ПкІауэ. **26.** Бжьы. **29.** Хьэлыуэ. **32.** Абрагъуэ. **35.** Фэндырэ. **36.** Тэн. **37.** Уэр.

Кьехьу: 1. Пхъампэ. **2.** Гурыхуэ. **3.** Хъарып. **4.** Мудрэн. **6.** Пщае. **7.** Алтъес. **8.** Гъэужь. **14.** Номин. **15.** Теунэ. **17.** ДыщэкІ. **18.** ЩІыунэ. **19.** Афэ. **25.** ЩхьэнтэІ. **27.** Жьынду. **28.** Хьэкъырш. **30.** Лэгъунэ. **31.** Уафэ. **33.** Бгъэн. **34.** Армум.

Редактор нэхъыщхьэм и япэ хуэдэщ
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:
Хьэфыцэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Элэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, НэщІэпыдж Замирэ, Истэпан Залинэ, Щхьащэмыщ Иэз.



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ игъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъар Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху ептыыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм ихуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъуэмэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъар щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьаныгъэ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дышэкі Сонэ,** *редактору* **ЖЬэкІэмыхьу Маринэ,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Аэзэмт** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дэІэныкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Аминэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 1.901 ● Заказ №667